



# Refleksyon sou lavi lespri

Enstiti Ruhî



Liv 1



# Refleksyon sou lavi lespri

Enstiti Ruhi

Tit liv ki nan seri a :

W ap jwenn la a tit liv ki nan seri kou Enstiti Ruhi kreye yo jouk jounen jodi a. Liv sa yo fèt pou sekans prensipal kou ki fè pati efò sistematik pou grandi kapasite jèn ak granmoun ki vle sèvi kominote yo. Enstiti Ruhi devlope yon seri kou tou ki soti nan twazyèm liv seri a ki adrese fòmasyon pwofesè klas bahá'í pou timoun, epi yon lòt seri ki soti nan liv 5 pou fòmè animatè gwoup prejèn. Kou sa yo parèt nan lis la. Lis sa a gen pou l evolye oframezi eksperyans sou teren an avanse epi gen ase eleman nan kourikoulòm n ap devlope a ki pare pou distribisyon.

- Liv 1 *Refleksyon sou lavi lespri*
- Liv 2 *Leve pou sèvi*
- Liv 3 *Anseye klas timoun, premye ane*  
*Anseye klas timoun, dezyèm ane (kou ki soti nan branch edikasyon timoun)*  
*Anseye klas timoun, twazyèm ane (kou ki soti nan branch edikasyon timoun)*  
*Anseye klas timoun, katyèm ane (kou ki soti nan branch edikasyon timoun)*
- Liv 4 *Manifestasyon Marasa yo*
- Liv 5 *Libere pouvwa pre-jèn yo*  
*Impulsion initiale : La première branche du livre 5*  
*Un cercle en expansion : La deuxième branche du livre 5*
- Liv 6 *Anseye Kòz la*
- Liv 7 *Mache asanm sou chemen sèvis*
- Liv 8 *Alyans Bahá'u'lláh*
- Liv 9 *Pèspektiv istorik*
- Liv 10 *Bati kominote vivan*
- Liv 11 *Les moyens matériels*
- Liv 12 (poko soti)
- Liv 13 *S'engager dans l'action sociale*
- Liv 14 (poko soti)

Copyright © 2002 par la Fondation Ruhi, Colombie  
Tous droits réservés. Édition 4.1.1.PE publiée en décembre 2020  
Imprimée en Haïti

Publié à l'origine en espagnole sous le titre *Reflexiones sobre la vida del espíritu*  
Copyright © 1987, 1995, 2008, 2020 par la Fondation Ruhi, Colombie  
ISBN 978-958-59880-3-3

L'autorisation d'une impression limitée de ce livre en créole a été accordée à l'Assemblée spirituelle nationale d'Haïti par l'Institut Ruhi.

Institut Ruhi  
Cali, Colombie  
Email: [instituto@ruhi.org](mailto:instituto@ruhi.org)  
Site web: [www.ruhi.org](http://www.ruhi.org)

## Sa ki nan liv la

Kèk refleksyon pou titè a .....	v
Konprann ekriti Bahá'í.....	1
Lapriyè .....	13
Lavi ak lamò.....	29



## Kèk lide pou titè a

Yo vin ap etidye *Refleksyon sou lavi lespri a*, premye liv nan sekans prensipal kou Enstiti Ruhi ofri yo, tout kote sou latè depi dènye lane ki fèk pase yo. Nan pifò ka yo, yo li epi yo diskite materyèl la nan yon gwoup zanmi, ki kapab fòme yon sèkdetid ki rankontre regilyèman, oswa ki rankontre nan yon kanpay ki òganize pou etid entansif, oswa yo ka rankontre nan yon kanpandan vakans lekòl yo. Nan kèlkeswa okazyon an, yon manm nan gwoup la aji kòm titè. Relasyon ant titè a avèk lòt patisipan yo se pa relasyon pwofesè-etidyan, tout moun angaje ak tout konsyans nan yon pwosesis kote chak moun ap chèche aprann. Men titè a se pa yon facilitate pasif e detache k ap mennen diskisyon an non plis. Li fin konplete plizyè kou nan sekans la epi li antreprann ak sèvis yo ankouraje yo, li kapab asiste chak manm gwoup la reyalize bi nan kou y ap etidye a. Moun ki aji kòm titè Liv 1 kapab wè li itil pou l revize lide ki nan entwodiksyon sa a tanzantan.

Patisipan yo nan lemond antye vini nan premye kou enstiti a soti plizyè kote. Kèk se manm kominote bahá'í a ki espere amelyore kapasite yo pou sèvi Kòz yo anbrase a. Kèk lòt wè kou a kòm yon kòmansman pou envestigasyon yo nan Fwa bahá'í kòm relijyon. Kèk lòt toujou atire nan ideyal bahá'í yo e yo vle vin konnen kominote a pi byen, bi li avèk aktivite li. Epi gen deplizanplis jèn moun an patikilye ki vle devlope kapasite yo pou sèvi sosyete a, souvan paske yo konnen youn nan pwogram kominote bahá'í a ap mennen, yo pran kou a kòm premye pa.

Depi nan kòmansman li ta dwe klè pou chak patisipan ke kou Enstiti Ruhi trase yon chemen sèvis pou limanite, kote nou chak nou mache jan nou kapab, nou asiste kèk moun etan lòt moun ap asiste nou. Mache chemen sa a mande pou yon bi moral doub : pou asire kwasans espirityèl ak entelektyèl nou epi pou kontribye pou transfòmasyon sosyete a. Pwogrè sou chemen an mande devlope yon kantite kapasite ki mande konprann avèk konesans, kalite espirityèl avèk atidid louwab, epi an menm tan tou, yon valè kapasite avèk talan. Sous konesans liv Enstiti a pote se nan ansèyman Fwa bahá'í epi tou nan eksperyans tout kominote mondyal bahá'í a etan y ap travay pou fè sivilizasyon materyèl avèk espirityèl avanse. Se vizyon Bahá'u'lláh pou endividi nou ka tounen an ak sivilizasyon nou ka bati a ki enspire Enstiti a. Nou sipoze tout patisipan yo, kèlkeswa kote yo soti, ap pare pou anbrase vizyon sa a, ki parèt nan chak kou chak liv yo.

Nan yon mond kote kwayans avèk ideyoloji pare pou pran nenpòt mwayen posib pou jwenn aderan, yon moun ki pa abitye avèk Fwa a kapab genyen kesyon sensè sou entansyon Enstiti Ruhi. Yo ka mande « èske y ap mande m chanje relijyon ? » oswa « èske y ap mande m antre nan yon relijyon ? » Kesyon sa yo ofri titè a yon chans pou l esplike bi sekans kou yo jan nou esplike li la a. Li natirèl pou Bahá'í yo ta renmen wè zanmi yo antre nan kominote a men ansèyman yo pa pèmèt yo antre nan fè pwopagann, yon titè kapab vle ajoute. Mache chemen sèvis kou yo ouvri a mande yon konprann byen pwofon nan ansèyman Baha yo, ke materyèl yo ap ofri san kache ; men aksepte yon relijyon avèk genyen lafwa se de kesyon pou chak moun kontanple libreman, san presyon.

Yon moun pa dwe sezi wè se avèk kesyon konpreyansyon, ki si santral nan tout liv sekans la, premye liv la kòmanse. Pou li Ekriti Sen yo se pa menm avèk li plizyè milye paj yon moun wè nan vi li, epi kou ki rele « Konprann Ekri Bahá'í yo » chèche ban nou abitud li pasaj nan tèks sakre yo chak jou epi medite sou sans yo, yon abitud ki ap ede patisipan yo lè yo ap anbake sou chemen sèvis la. Pou gide yo nan etid yo, titè a dwe reflechi anpil sou sijè konprann nan.

Ekriti bahá'í yo genyen verite espiyèl pwofon, e menm lè n ap bat pou avanse nan konprann sans yo, nou konnen nou p ap janm rive nan bout yo. Nou jwenn yon konprann debaz sans dirèk yon pasaj le nou li li premye fwa, e seksyon 1 kou a derape avèk nivo konprann sa a. Kifè apre nou li sitasyon, « Lemonn kapab vin pi bèl avèk aksyon ki bon e san tach, avèk konduit kòrèk ki merite lwanj. » patisipan yo mande senpman, « Kijan lemonn kapab vin pi bèl ? » Premye gade w gade yo, pifò kesyon ak egzèsis konsa yo parèt twò senp. Men anpil ane eksperyans sanble ban nou rezon lè nou te pran desizyon nan Enstiti a pou kòmanse konsa. Nou tout bezwen yo fè nou sonje ke nan prese pou jwenn kouch verite nan yon pasaj, lespri a pa dwe neglije wè sans ki plis parèt la. Asire nou jwenn premye nivo konprann sa a enpòtan anpil pou konsiltasyon nan gwoup : li ranfòse inite nan panse nou, ke nou rive jwenn fasil lè nou pèmèt opinyon pèsonèl nou jwenn limyè nan sa jès diven.

Li enpòtan pou nou note isit la ke konprann sans dirèk pifò pasaj yo pa bezwen diskisyon long pou chak mo san kontèks kote li parèt la. Malgre tou petèt li ka nesèsè, yon lè konsa, pou yon gwoup chèche yon mo nan diksyonè. Men sa ki kapab pote plis fwi, se lè patisipan yo aprann kijan pou yo tire sans mo yo nan yon fraz antye oswa yon paragaf.

Pou konprann nou rive depase premye sans yon tèks, li itil pou sèvi ak egzanp ki montre jan lide yo kapab eksprime nan sitiasyon konkrè. Tout sa ki nesèsè nan ka sa a se egzèsis ki byen klè. Nan Seksyon 2 paregzanp, patisipan yo genyen pou deside selon yon pasaj yo fèk li, si sèten karakteristik merite lwanj. Nan yon menm kalite egzèsis nan Seksyon 4, nou ankouraje yo bay 5 kalite epi deside si li posib pou rive jwenn kalite sa yo si ou pa di laverite – ke Ekriti yo dekri kòm « baz tout bon kalite yon moun ».

Pou reyalize objektif li, kou a mande yon pi gran konprann lè li bay patisipan yo defi pou panse sou « enplikasyon » pasaj yo. Nan Seksyon 2, yo gen pou deside si fraz « gen tèlman ti kantite bon moun nan lemonn, bon aksyon yo p ap janm fè efè. » se verite. Nan egzèsis sa a entansyon an se pa pou mande yo opinyon yo. Titè a dwe chèche jwenn rezon pou repons patisipan yo. Fraz la dwe fo paske li kontredi premye sitasyon nan seksyon anvan an, se konklizyon sa a gwoup la dwe rive jwenn. Kesyon si Bahá'í gen dwa konfese peche yo bay lòt moun se yon lòt egzanp kalite egzèsis sa a. Li fè referans ak entèdiksyon ki genyen nan ansèyman yo pou moun konfese kòm mwayen pou rive jwenn absolizyon pou peche li ; sa pa di dirèk nan pasaj nou etidye yo, men nou ka konkli sa lè nou chèche konprann vèsè sa a : « Repase konsyans ou chak jou... »

Se pa bi egzèsis nan kou a pou chèche kouvri tout valè konprann ki genyen nan pasaj n ap etidye yo. Yon kesyon tout titè konn bezwen reponn se ki kantite diskisyon nou ta dwe fè pou egzèsis yo. Li enpòtan pou sonje plis nou pale epi entwodui konsèp ki ka gen rapò men ki andeyò sijè a, sa gen tandans fè materyèl la vin mwen efikas. Chak gwoup bezwen tabli yon rit pwogrè rezonab ; patisipan yo ta dwe santi ke y ap byen avanse, nan yon bon rit, selon posibilite pa yo. Men titè a dwe veje pou sesyon yo pa fèt twò vit anlè-anlè san analiz pwofon sou egzèsis yo ; gwoup yo ki avanse nan sans sa a, sèlman ap kouri ekri repons, pa janm jwenn rezilta dirab.



Yon dènye pwen merite nou mansyonnen. Se titè a ki dwe asire chak manm gwoup li rete angaje nan pwosesis aprantisaj ke materyèl yo ankouraje a. Envite patisipasyon san mete presyon sou chak moun pou yo pale se souvan yon defi. Sa nou dwe konprann depi nan kòmansman se ke defi sa a pa rezoud nan poze kesyon tankou « kisa sa vle di pou ou ? » Kesyon konsa gen tandans redui ni konesans ni verite nan nivo echanj opinyon. Lè sa a, sa vin difisil pou kreye yon atmosfè kote konsiltasyon pami manm gwoup la vreman pèmèt yon pi bon konprann.

Dezyèm kou nan liv la, tankou premye a, adrese yon abitud ki esansyèl pou lavi espirityèl, abitud lapriyè regilye. Nan premye seksyon an, li klarifye konsèp « chemen sèvis la », li sijere ke pou mache yon chemen sèvis, nou dwe byen konprann yon doub bi. Patisipan yo egzaminen yon premye seri sitasyon ki mete limyè sou nati bi sa a, yon tèm ki va elabore toujou nan lòt liv k ap soti yo.

Avèk lide sa a nan tèt nou, kou a devlope kesyon siyifikasyon lapriyè. Li adopte yon apwòch ki parèy avèk sa nou te dekri nan paragraf anvan yo. Kesyon ak egzèsis yo fèt pou fè nou avanse nan konprann sans pasaj n ap etidye yo. Etan gwoup la ap pwogrese nan kou a, titè a ka bezwen efasè kèk dout lè l ap analize nosyon ki ankre nan entèpretasyon ak pratik lontan. Nan sèten tradisyon, rityèl avèk fòm piti piti vin fè enpòtans eta enteryè a pèdi valè, epi anpil moun vin iyore nesèsite lapriyè, alòs ke pou nanm imen, li pa mwens enpòtan pase manje pou nourri kò a.

Sitou sitou, kou a vle reveye nan patisipan yo dezi pou « konvèsè avèk Bondye » epi pou pwoche Li. Pami lide ki soti yo, sa sa vle di antre nan yon eta lapriyè, posti kè nou avèk lespri n lè nou viv konsa, kondisyon ki ta dwe genyen nan anviwònman nou, kit nou poukont nou, kit nou nan yon reyinyon. Annefè, apre nou reflechi sou fòs ki soti nan reyinyon devosyonèl la, patisipan yo gen pou konsidere rewevwa moun lakay yo nan yon reyinyon priyè.

Etid twazyèm kou nan liv la, « Lavi ak lamò », ap ranfòse angajman nou pou mache yon chemen sèvis epi ba li yon sans pi pwofon. Sèvis nan monn sa a se nan kontèks pi laj lavi, ki depase egzistans sou tè a epi kontinye pou tout tan etan nanm nou ap pwogrese nan monn Bondye yo. Nan yon pwosis edikasyon, ki pa tankou yon fòmasyon teknik, patisipan yo ta dwe vin pran konsyans sans avèk siyifikasyon sa y ap fè a. Sèl si konsyans sa a grandi, selon sa eksperyans montre nou, yo pral kapab wè tèt yo kòm « ajan » aktif ki responsab pou pwòp aprantisaj yo.

Chak seksyon nan kou a ouvri sou youn oswa 2 sitasyon nan Ekri Bahá'í yo avèk kèk egzèsis. Langaj pasaj ki soti nan kou sa a pi egzijan pase nan 2 premye kou yo. Nou pa bezwen rete chita nan gwoup la sou mo difisil yo ; titè a ap nik vle asire chak moun konprann lide santral ki nan chak seksyon, e se sa egzèsis yo pèmèt nou rive fè.

Akòz nati sijè a, egzèsis yo ki mande egzanp konkrè pa anpil. Pifò plis soti nan nivo konseptyèl. Sa nou dwe di pou kèk nan kesyon yo, yo la nan egzèsis yo men moun pa ka jwenn repons egzak rapid pou yo. Yo la pou envite moun reflechi sou sijè a; si patisipan yo sèlman reflechi sou kesyon sa yo, objektif aprantisaj la reyalize.

Premye seksyon yo konsantre sou relasyon ant nanm nan avèk kò a, ki fome moun nan. Lide santral ki prezante nan seksyon sa yo se ke nanm nan se pa yon bagay fizik ; nou kapab konpare asosyasyon li avèk kò a tankou limyè ki parèt nan yon glas. Ni pousyè ki kouvri sifas glas la ni si glas la ta vin kraze, pa kapab afekte esplandè limyè a. Lanmò se nik yon chanjman

nan kondisyon li, lè asosyasyon ant kò a ak nanm nan vin kraze ; apre sa, nanm nan pwogrese pou tout tan al bò Kreyatè li.

Apre sa, kou a vire sou kesyon bi lavi – pou konnen Bondye ak pou rive jwenn prezans Li. Diskisyon an fèt sou 2 tèm sa yo : premye a se bi lavi nou nan lemond, epi dezyèm nan se vwayaj nanm nan apre lamò. Nanm nan se yon siy Bondye ki kapab reflekte tout non Li ak kalite Li. Men se yon potansyèl ki genyen nan moun nan ; sèl jan pou li devlope se avèk èd Manifestasyon Bondye yo, Moun sanktifye yo ki vini tanzantan pou gide limanite. Avèk edikasyon espirityèl Yo bay, potansyèl la, trezò ki kache nan nou vin revele.

Kanta vwayaj nanm nan apre lamò, yon seri lide prezante bay patisipan yo pou kontanple : moun ki fidèl avèk Bondye ap rive jwenn veritab bonè; pyès moun pa konnen kijan l ap fini, kifè nou dwe padone epi nou pa dwe santi nou sipereyè ak pèsonn; nan pwochen monn la, menm jan avèk nan monn sa a, nanm nan ap kontinye fe pwogrè epi kapasite espirityèl nou devlope isit la ap ede nou e y ap asiste nou lè nou rive la; n ap rekonèt moun nou te renmen yo nan wayòm apre yo, n ap sonje vi nou sou tè a, epi n ap jwi konpayi nanm sakre e sanktifye yo.

Kou a fini avèk yon pasaj nan Ekriti Baha kote nou jwenn asirans benefis pwochen monn nan epi li ankouraje nou pa pèmèt chanjman avèk tribilasyon nan lavi ban nou tristès. Patisipan yo genyen pou reflechi sou konsekans sa yo te aprann nan sou lavi pa yo.



# Konprann Ekri Bahá'í yo

## **Objektif**

Ranfòse abitud li pasaj nan  
Ekri Sen yo chak jou epi  
reflechi sou sans yo



## SEKSYON 1

Bi kou sa a se pou asiste ou devlope ak ranfòse abitud li pasaj nan Ekriti Sen yo chak jou epi reflechi sou sans yo. Kou a kòmanse avèk yon egzèsis senp ki mande ou li yon fraz tou kout nan Ekriti yo epi reponn yon kesyon. Repons kesyon an se menm fraz la. Menm si egzèsis sa a fasil pou fè, l ap ede ou reflechi sou sans fraz yo epi l ap tou fasilite ou aprann yo pakè.

**« Lemonn kapab vin pi bèl avèk aksyon ki bon e san tach, avèk konduit kòrèk ki merite lwanj. »<sup>1</sup>**

1. Kijan lemond kapab vin pi bèl ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**« O pèp Bahá, pinga nou mache sou tras moun ki gen aksyon ki pa koresponn ak pawòl yo. »<sup>2</sup>**

2. Sou tras ki moun nou pa dwe mache ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**« O pitit egzistans lan ! Repase konsyans ou chak jou anvan jou jijman an... »<sup>3</sup>**

3. Kisa nou dwe fè anvan Bondye relè nou pou rann Li kont ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**« Di : O frè ! Se aksyon nou, se pa pawòl nou, ki ta dwe dekorasyon nou. »<sup>4</sup>**

4. Kisa ki ta dwe vrè dekorasyon nou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**« Pawòl ki sen ak zak ki bon e san tach monte nan syèl glwa selès la. »<sup>5</sup>**

5. Kisa pawòl ki sen ak zak ki bon e san tach fè ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## SEKSYON 2

Nan seksyon sa a, nou pral jwenn kèk egzèsis ki lye ak pasaj nou sot etidye yo. Yo fèt pou ede ou reflechi sou sans tèks yo nan gwoup ou; nou pa dwe fè yo yon jan mekanik san reflechi. Sa pa vle di chak egzèsis mande yon pakèt diskisyon. Lè egzèsis la yon ti jan difisil, tèt gwoup la ap asiste nou pou reflechi sou li pi fon.

1. Yon konduit ki « kòrèk » se yon bagay ki merite lwanj. Di si aksyon sa yo merite lwanj ?

- \_\_\_\_\_ Yon moun ki fè bon travay
- \_\_\_\_\_ Yon moun ki respekte lòt moun
- \_\_\_\_\_ Yon moun ki renmen etidye
- \_\_\_\_\_ Yon moun ki konn bay manti
- \_\_\_\_\_ Yon moun ki parese
- \_\_\_\_\_ Yon moun ki sèvi lòt moun

2. Kisa « *anvan jou jijman an* » vle di ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Di kilès nan fraz sa yo ki vre ?

- \_\_\_\_\_ Avèk ti kantite bon moun ki genyen nan lemond, bon aksyon yo p ap janm fè efè.
- \_\_\_\_\_ Sa ki kòrèk se sa ki annakò ak opinyon lòt moun.
- \_\_\_\_\_ Sa ki kòrèk se sa ki annakò ak ansèyman Bondye yo.

4. Deside pami aksyon sa yo kilès ki bon e san tach ?

- \_\_\_\_\_ Okipe epi anseye timoun
- \_\_\_\_\_ Vòlè
- \_\_\_\_\_ Lapriyè pou lòt moun kapab fè pwogrè
- \_\_\_\_\_ Bay yon ti manti pou soti nan yon sitiyasyon difisil
- \_\_\_\_\_ Ede pwochen ou pou yo ka ba ou yon rekonpans

5. Men kèk aksyon. Di si nan sitiyasyon sa yo pawòl moun nan diferan ak aksyon li ?

- \_\_\_\_\_ Yon moun ap di tout tan nou dwe ini men jan li kondui tèt li kreye konfli.
- \_\_\_\_\_ Yon moun di nou dwe gen yon vi chas men li gen relasyon seksyèl san l pa marye.
- \_\_\_\_\_ Yon moun pran ti tafya li tanzantan, men li di li mache yon relijyon ki pa pèmèt moun bwè alkòl.

\_\_\_\_\_ Yon moun di gason ak fi genyen menm dwa, men li peye fi ki travay lakay li mwens pase gason pou menm travay la.

6. Èske yon Bahá'í gen dwa konfese devan yon lòt moun ? \_\_\_\_\_
7. Kisa nou dwe fè olye nou konfese ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
8. Kisa « *syèl glwa selès la* » vle di ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
9. Ki efè move zak genyen sou lemonn ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
10. Ki efè move zak genyen sou moun ki fè yo ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

### SEKSYON 3

Kounye a li epi reflechi sou sitasyon sa yo nan Ekriti yo. Apre sa eseye aprann yo pakè.

**« Laverite se baz tout bon kalite yon moun. »<sup>6</sup>**

1. Kisa ki baz tout bon kalite yon moun ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**« San laverite li enposib pou nenpòt ki nanm fè pwogrè epi gen siksè nan tout monn Bondye yo. »<sup>7</sup>**

2. Kisa ki enposib san laverite ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**« Fè lang nou bèl, O pèp, avèk laverite, epi dekore nanm nou avèk òneman onètete. »<sup>8</sup>**

3. Ak kisa nou dwe fè lang nou bèl ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Ak kisa nou dwe dekore nanm nou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

« Se pou je ou chas, men ou dwe fidèl, lang ou dwe di laverite, epi kè ou dwe klere. »<sup>9</sup>

5. Kijan je nou dwe ye ? \_\_\_\_\_ Kijan men nou dwe ye ? \_\_\_\_\_  
Kijan kè nou dwe ye ? \_\_\_\_\_ Kisa lang nou dwe di ? \_\_\_\_\_

« Moun ki rete nan tabènak Bondye a, ki tabli sou syèj glwa etènèl la, menm si y ap mouri grangou, y ap refize lonje men yo pou pran byen vwazen yo san otorizasyon, menm si vwazen an se yon moun ki meprizab, ki san valè. »<sup>10</sup>

6. Kisa n ap refize fè, menm si n ap mouri grangou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## SEKSYON 4

Siman ou te konstate nan Leson 2 kèk nan egzèsis yo mande yon repons egzat. Nan ka sa yo, si gen yon dout sou repons la, titè nou kapab ede nou rive nan inite sou konklizyon kesyon an. Pou lòt egzèsis yo, se dyalog la menm ki enpòtan, epi pa gen yon repons egzak. Pami egzèsis ki suiv yo, se kesyon 3 ki bezwen yon repons egzak, epi egzèsis 6 fè pati dèzyèm kategori kesyon yo.

1. Laverite se baz tout bon kalite yon moun. Ekri 5 bon kalite : \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Èske nou kapab rive jwenn bon kalite sa yo si nou pa di laverite ? \_\_\_\_\_
3. Deside kilès nan fraz sa yo ki di laverite ?
- \_\_\_\_\_ Yon moun kapab jis menm si li konn bay manti.
  - \_\_\_\_\_ Yon moun ki vòlè gen yon men fidèl.
  - \_\_\_\_\_ Yon men ki fidèl p ap janm pran sa ki pa pou li.
  - \_\_\_\_\_ Li liv ak jounal pònografik ki gen foto moun toutouni pa dakò ak prensip Bahá'u'lláh ki di se pou je nou chas.
  - \_\_\_\_\_ Laverite vle di pa bay manti.
  - \_\_\_\_\_ Onètete se yon òneman pou nanm nou.
  - \_\_\_\_\_ Yon moun ki bay manti kapab fè pwogrè espirityèl.
  - \_\_\_\_\_ Yon moun gen dwa bay manti tanzantan.
  - \_\_\_\_\_ Bondye asepte ou vòlè lè ou grangou.
  - \_\_\_\_\_ Pran zafè yon moun san pèmision, avèk lide ou ap remèt li pi ta, se pa vòlè.



\_\_\_\_\_ Lè nou aji ak onètete, lè nou jis, e lè nou di laverite kè nou ap klere.

\_\_\_\_\_ Se pa posib pou yon moun reyisi yon biznis si li pa janm triche.

4. Èske li posib pou yon moun bay tèt li manti ? \_\_\_\_\_

5. Kisa nou pèdi lè nou bay manti ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

6. Kijan lemond ap ye si nou tout ta di laverite, si tout moun ta onèt ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

## SEKSYON 5

Etidye tèks ki suiv yo epi eseye aprann yo pakè. Li pwofitab pou yon moun aprann pakè tèks ki soti nan Ekriti Sen yo, ou ta dwe fè tout efò ou pou fè sa. Se pa tout moun ki wè sa fasil pou yo fè. Nou dwe bat kanmenm pou aprann tèks yo yon jan ki va ede nou grave lide yo nan kè nou ak nan lespri nou pou n ka di yo nan mo pa nou men ase pwòch tèks orijinal la.

**« Yon lang emab se leman kè lèzòm. Li se pen lespri a, li abiye pawòl yo ak sans. Se sous limyè sajès ak konprann. »<sup>11</sup>**

1. Kijan yon lang emab ye ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

2. Ki efè yon lang emab fè sou pawòl yo ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**« O nou menm, byeneme Senyè a ! Nan Dispansasyon sakre sa a, dezakò ak diskisyon pa akseptab ditou. Chak moun ki chèche goumen retire gras Bondye sou pwòp tèt li. »<sup>12</sup>**

3. Daprè sitasyon sa a, kisa Bondye pa vle wè menm nan Dispansasyon sa a ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

4. Lè moun chache kont ak lòt moun, kisa li fè pwòp tèt li ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**« Nan Jou sa a, nanpwen anyen ki kapab blese Kòz sa a pase diskisyon, goumen, konfli, separasyon, ak kè pòpòz nan mitan byeneme Bondye yo. »<sup>13</sup>**

5. Kisa ki plis blese Kòz Bondye a nan Jou sa a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**« Pa kontante ou montre zanmitay avèk pawòl sèlman; se pou kè ou limen ak jantiyès pou tout moun ki kwaze chemen ou. »<sup>14</sup>**

6. Ak ki kalite zanmitay, nou pa ta dwe kontante nou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
7. Kisa ki ta dwe limen nan kè nou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**« Lè yon panse lagè vini, konbat li ak yon panse lapè ki pi fò. Nou dwe detwi yon panse lahèn ak yon panse lanmou ki pi pisan. »<sup>15</sup>**

8. Ak kisa nou ta dwe chase yon panse lagè ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
9. Ak kisa nou ta dwe detwi yon panse lahèn ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## SEKSYON 6

Konplete egzèsis ki suiv yo, selon lide nou fèk aprann yo :

1. « Leman » se yon bagay ki atire. Kijan yon lang emab kapab tankou yon leman ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Deside si fraz sa yo soti nan yon lang ki emab ?
- \_\_\_\_\_ « Pa deranje m ! »
- \_\_\_\_\_ « Kisa ou genyen ou pa konprann sa a ? »
- \_\_\_\_\_ « Tanpri, tann mwen yon ti moman. »
- \_\_\_\_\_ « Ala timoun dezòd ! »
- \_\_\_\_\_ « Mèsi, ou byen emab. »
- \_\_\_\_\_ « M okipe. M pa gen tan pou ou kounye a. »

3. Deside si sitiyasyon sa yo reprezante moun ki nan dezakò ak konfli :
- \_\_\_\_\_ Pandan yon konsiltasyon de moun bay opinyon diferan sou yon sijè.
  - \_\_\_\_\_ 2 moun vin fache epi yo diskite youn ak lòt pandan konsiltasyon.
  - \_\_\_\_\_ 2 moun sispann ale nan yon reyinyon priyè paske youn pa pale ak lòt.
  - \_\_\_\_\_ Manm yon ekip k ap kolabore sou yon pwojè pa sispann plenyen, chak ap di lòt yo pa fè pati pa yo.
4. Deside si sitiyasyon sa yo reprezante separasyon ak kè pòpòz :
- \_\_\_\_\_ 2 zanmi kwaze nan lari, youn pa okipe lòt.
  - \_\_\_\_\_ Yon moun rive nan reyinyon priyè epi tout moun ba li bèl akolad.
  - \_\_\_\_\_ Menm si yo poli youn ak lòt, 2 manm nan yon gwoup pa renmen patisipe nan yon pwojè ansanm.
5. Deside kilès fraz ki vrè :
- \_\_\_\_\_ Moun dwe di egzakteman sa li panse sou lòt moun menm si moun yo fache.
  - \_\_\_\_\_ Yon moun gen dwa bay manti pou n evite antre nan diskisyon ak lòt moun.
  - \_\_\_\_\_ Nou kapab soti nan diskisyon, si nou aji avèk lanmou ak jantiyès.
  - \_\_\_\_\_ Pawòl yo gen plis efè lè nou di yo avèk lanmou.
  - \_\_\_\_\_ Nou mèt goumen ak yon moun si se li ki pete goumen an.
  - \_\_\_\_\_ Nou gen dwa mabyal ak moun lè nou malad, ak lè nou chagren.
  - \_\_\_\_\_ Li pa bon pou ri yon moun lè li fè erè.
  - \_\_\_\_\_ Lè de zanmi vekse, se pou toulède fè efò espesyal pou yo vin antann yo.
  - \_\_\_\_\_ Lè de zanmi vekse, chak zanmi dwe tann jis lòt la fè efò pou yo antann yo ankò.

## SEKSYON 7

Etidye tèks ki suiv yo epi aprann yo pakè :

**« ... fè medizans etenn limyè kè nou, se sa ki touye lavi nanm nou. »<sup>16</sup>**

**« Pa janm pale sou peche lòt moun toutotan ou menm ou se pechè. »<sup>17</sup>**

**« Pa pale bagay ki mal, pou ou pa tandè moun pale li, e pa grandi defo lòt moun pou defo pa ou yo pa parèt gran... »<sup>18</sup>**

**« O pitit egzistans lan ! Kijan ou kapab fè bliye pwòp defo pa ou epi w al okipe defo pwochen ou ? »<sup>19</sup>**

1. Kisa k ap rive yon moun ki fè medizans ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Kisa nou dwe sonje anvan nou panse sou peche lòt moun ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Kisa k ap rive lè nou gwosi defo lòt moun ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Sou kisa nou dwe reflechi lè nou wè defo lòt moun ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## SEKSYON 8

Fè egzèsis ki suiv yo, selon lide nan sitasyon nou fèk aprann yo :

1. Kisa k ap rive pwogrè nanm yon moun k ap plede okipe defo lòt moun ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Ki efè medizans genyen sou yon kominote ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Kisa ou kapab fè lè ou tande yon zanmi tanmen pale sou defo yon lòt moun ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Deside si fraz sa yo se verite :

\_\_\_\_\_ Si nou pale sou vrè defo yon moun, nou pa fè medizans.

\_\_\_\_\_ Si nou pale sou bon kalite yon moun an menm tan nou pale sou defo li, nou pa fè medizans.

\_\_\_\_\_ Fè medizans se yon abitud ki nan sosyete nou a, nou dwe edike tèt nou pou evite fè li.

\_\_\_\_\_ Si moun k ap koute tripotaj la pwomèt li p ap repete sa li tande a, nou mèt fè tripotaj.

\_\_\_\_\_ Medizans se youn pami pi gwo lènmi linite.

\_\_\_\_\_ Si nou devlope abitud pale sou lòt moun toutan, li fasil pou nou tonbe nan medizans.

\_\_\_\_\_ Nou fè medizans lè nou pale sou kapasite diferan moun genyen pandan reyinyon Asanble Espirityèl Lokal la lè nou vle deside ki tach n ap bay yo chak.

- \_\_\_\_\_ Lè nou anvi fè medizans, nou dwe sonje defo pa nou yo.
- \_\_\_\_\_ Lè nou konnen yon moun fè sa ki blese Fwa a osinon kominote a, nou dwe konsilte sou sa avèk lòt manm kominote a.
- \_\_\_\_\_ Lè nou konnen yon moun fè sa ki blese Fwa a osinon kominote a, se sèlman Asanble Espirityèl Lokal la nou dwe avize.
- \_\_\_\_\_ Pa gen pwoblèm pou mesye ak madanm pale sou defo lòt moun, paske yo pa dwe gen sekre ant yo.

## SEKSYON 9

Bi kou sa a, jan nou te di nan kòmansman, se te pou asiste patisipan yo k ap fè efo pou devlope ak pou ranfòse abitud li Ekriti Sen yo chak jou epi reflechi sou sans yo. Li vèsè Bondye yo chak maten ak chak swa se yon ansèyman Baha'u'llah k ap mennen nou nan devlopman espirityèl. Pasaj sa a fè nou sonje benediksyon nou resevwa lè nou ranpli obligasyon sa a, epi nou ankouraje nou aprann li pakè :

**« Plonje tèt nou nan oseyan pawòl Mwen yo, pou nou ka dekouvri sekre li, epi dekouvri pèl sajès ki kache nan fon li. »<sup>20</sup>**

Lè ou fini avèk kou sa a, ou kapab vle chèche jwenn yon liv Ekriti Baha'u'llah pou nou ka li ladan chak jou. Pawòl Kache se yon bon liv pou kòmanse.

## REFERANS

1. Bahá'u'lláh, site pa Shoghi Effendi nan *L'Avènement de la Justice Divine* (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'íes, 1973).
2. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh*, (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'íes, 2<sup>e</sup> edition) CXXXIX, paragaf 8, paj 200.
3. Bahá'u'lláh, *Pawòl Kache yo – Les Paroles Cachées*, nan lang Arab no. 31, paj 18.
4. Ibid., nan lang Pèsan no. 5, paj 43.
5. Ibid., nan lang Pèsan no. 69, paj 86.
6. 'Abdu'l-Bahá, site nan *L'Avènement de la Justice Divine*, (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'íes, 1973), paj 38.
7. Ibid., paj 38.
8. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh*, (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'íes, 2<sup>e</sup> edition) CXXXVI, par. 6, paj 195.
9. *Tablettes de Bahá'u'lláh*, révélées après Kitab-i-Aqdas, (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'íes, 1<sup>e</sup> edition), paj 145.
10. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh*, (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'íes, 2<sup>e</sup> edition) CXXXVII, par. 3, paj 196.
11. Ibid., CXXXII, paj 190.
12. 'Abdu'l-Bahá, *Testament d' 'Abdu'l-Bahá* (Bruxelles: Maison d'Éditions Bahá'íes, 3<sup>e</sup> edition, 1970), paj 27.
13. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh*, (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'íes, 2<sup>e</sup> edition) V, par. 5, paj 8.
14. 'Abdu'l-Bahá, *Causeries d' 'Abdu'l-Bahá à Paris* (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'íes, 2<sup>e</sup> edition), par. 4, paj 15.
15. Ibid., par. 8, paj 27.
16. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh*, (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'íes, 2<sup>e</sup> edition) CXXV, par. 2, paj 174.
17. Bahá'u'lláh, *Pawòl Kache yo*, nan lang Arab no. 27, paj 16.
18. Ibid., nan lang Pèsan no. 44, paj 70.
19. Ibid., nan lang Arab no. 26, paj 16.
20. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh*, (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'íes, 2<sup>e</sup> edition) LXX, par. 2, paj 90.



# Lapriyè

## Objektif

Pou reflechi sou sans lapriyè ak pou  
ranfòse abitud lapriyè regilyèman





## SEKSYON 1

Kou Enstiti Ruhi vle ede patisipan yo mache yon chemen sèvis. Nou mache nan chemen sa a avèk yon doub sans objektif – nou bezwen grandi espirityèlman ak entelektyèlman epi nou vle kontribye pou transfòmasyon sosyete a. 2 aspè objektif nou pa ka separe youn ak lòt. Bahá'u'lláh di nou nan yon pasaj :

**« Pa okipe tèt ou ak pwòp pwoblèm ou; panse ou dwe fikse sou sa ki va rafrechir desten limanite epi sanktifye kè avèk nanm lèzòm. »<sup>1</sup>**

Nan yon lòt pasaj Li di :

**« ...objektif ki fè lèzòm penetre nan wayòm reyalite, soti nan anyen, se pou yo ka travay pou amelyorasyon lemond epi pou viv ansanm nan konkòd ak amoni. »<sup>2</sup>**

Pa rapò avèk kondisyon andedan nou, Li deklare :

**« Yon kè pi se tankou yon miwa ; netwaye li avèk dife lanmou ak abstinans tout bagay ki pa Bondye, pou veritab solèy la kapab klere ladan epi maten etènèl la ka pwente. »<sup>3</sup>**

Epi 'Abdu'l-Bahá di nou :

**« Kè nou dwe pi epi entansyon nou dwe sensè pou nou ka vin veso k ap resevwa benediksyon Bondye yo. »<sup>4</sup>**

1. Sou kisa panse nou avèk pwoblèm nou dwe konsantre ? \_\_\_\_\_

---

---

2. Pou ki rezon nou soti nan anyen pou antre nan wayòm egzistans la ? \_\_\_\_\_

---

---

---

3. Avèk kisa nou dwe netwaye miwa kè nou ? \_\_\_\_\_

---

4. Kisa ki kèk kondisyon ki atire benediksyon Bondye ? \_\_\_\_\_

---

5. Kilès nan fraz sa yo ki verite ?

- Ou dwe okipe tèt ou anvan, apre sa ou a okipe lòt moun.
- Si ou toujou ap ede lòt moun, ou ap toujou fini pa neglije pwòp bi pa ou.

- Se ou menm ki pi bon zanmi w.
- Sa ki pi enpòtan se jwenn sa ki rann ou ere.
- Suiv rèv ou, y a mennen w nan bonè.
- Toutotan ou pa fè yon moun mal, tout sa ou fè byen fèt.
- Se pa grav si rezon ou yo egoyis, depi ou fè lebyen.

## SEKSYON 2

Konviksyon ki mache avèk doub bi nou sou latè se ke nou tout te kreye nòb. Bahá'u'lláh di konsa :

**« O pitit lespri ! Mwen te kreye ou rich, poukisa ou abese tèt ou ale nan povrete ? Mwen te fè ou nòb, kijan ou fè al avili tèt ou ? Avèk esans lakonesans, Mwen te ba ou lavi, poukisa ou al chèche limyè yon lòt kote ? Nan ajil lanmou, Mwen te ba ou fòm ou, kijan ou fè al okipe yon lòt ? Vire je ou gade tèt pa w, ou ap wè Mwen nan ou, puisan, fò, absolè. »<sup>5</sup>**

Ranpli espas sa yo pou ou ka tou reflechi sou pasaj la.

« O pitit lespri ! Mwen te kreye ou \_\_\_\_\_ poukisa ou abese tèt ou \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_ ? Mwen \_\_\_\_\_, kijan ou fè al  
 \_\_\_\_\_ tèt ou ? Avèk \_\_\_\_\_, Mwen te ba  
 ou lavi, poukisa ou \_\_\_\_\_ yon lòt kote ? Nan ajil  
 \_\_\_\_\_, Mwen te \_\_\_\_\_ ou, kijan ou fè \_\_\_\_\_  
 yon lòt ? Vire \_\_\_\_\_ gade \_\_\_\_\_ ou ap wè Mwen nan ou,  
 \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_ »

Pou nou kapab koresponn avèk noblès nanm nou, nou dwe tounen kote Sous egzistans nou pou chèche eklerasyon nan men Li. Jan ki pi efikas pou fè sa se atravè lapriyè. Shoghi Effendi, Gadyen Fwa a, di nou bi prensipal lapriyè se « devlope endividi a avèk sosyete a, grasak vèti avèk pouvwa espirityèl. Se nanm lòm ki dwe jwenn nouriti an premye. Manje espirityèl sa a se lapriyè ki bay li pi byen. »<sup>6</sup>

## SEKSYON 3

Bondye konnen tout bagay, Li pi saj. Li kreye nou epi Li konnen sa ki nan kè nou ak sa ki pi bon pou nou. Li pa bezwen priyè nou. Poukisa nou lapriyè ?

‘Abdu’l-Bahá di konsa :

« Lapriyè ki pi bon, se lè moun nan lapriyè sèlman paske li renmen Bondye, pa paske li pè Bondye, ni li pè lanfè, oubyen paske li espere jwenn yon bonte kèlkonk, oubyen syèl la... Lè yon moun renmen yon lòt moun, li enposib pou li pa site non moun li renmen an. Li pi difisil toujou, lè li vin renmen Bondye, pou li pa ta di Non Li... Moun ki espartyèl la jwenn kontantman sèlman nan sonje Bondye. »<sup>7</sup>

Epi lè li t ap reponn kesyon yon moun, Li te di :

« Si yon zanmi santi lanmou nan kè li pou yon lòt, èske li pa nòmal pou li di sa ? Menm si li konnen zanmi an deja konnen li renmen l, èske li pa anvi di l sa kanmenm ? ... Bondye konnen dezi tout kè, se vre; men anvi lapriyè se yon dezi natirèl ki soti nan lanmou lòm genyen pou Bondye. »<sup>8</sup>

1. Konplete fraz sa yo :
  - a. Lapriyè ki \_\_\_\_\_, se lè moun nan \_\_\_\_\_ paske li \_\_\_\_\_ Bondye, pa paske li pè Bondye, ni li pè \_\_\_\_\_, oubyen paske li espere jwenn \_\_\_\_\_ oubyen \_\_\_\_\_ .
  - b. Lè yon moun \_\_\_\_\_ yon lòt moun, li \_\_\_\_\_ pou li pa site \_\_\_\_\_ moun li \_\_\_\_\_ an. Li pi \_\_\_\_\_, lè li vin \_\_\_\_\_ Bondye, pou li pa ta di Non \_\_\_\_\_.
  - c. Moun ki espartyèl jwenn \_\_\_\_\_ sèlman nan \_\_\_\_\_ Bondye.
2. Poukisa nou lapriyè ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Kisa komemore Bondye vle di ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Kisa yon moun ki renmen yon lòt plis swete ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Ki kote dezi pou lapriyè a soti ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## SEKSYON 4

Nan yon priyè Bahá'u'lláh revele, nou li Li di :

« **Mwen lapriyè Ou tanpri... fè lapriyè mwen tankou yon dife ki pral boule vwal yo ki te anpeche m wè bèlte Ou, ak yon limyè ki pral mennen mwen bò lanmè prezans Ou. »<sup>9</sup>**

Nan menm priyè a nou mande Bondye :

« **Fè priyè mwen an, O Seyè, se yon fontèn dlo lavi kote mwen ka viv tout tan otorite siperyè Ou a dire, epi fè m kapab mansyonnen non Ou nan chak monn tout monn Ou yo. »<sup>10</sup>**

1. Nan ki sans lapriyè kapab tankou yon dife ? Kisa li boule ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Mansyonnen kèk vwal ki separe nou ak Bondye : \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Eske lapriyè kapab tankou yon limyè? Ki kote limyè sa a mennen nou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Eske lapriyè kapab tankou yon fontèn dlo lavi? Kisa li pote pou nanm nou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## SEKSYON 5

Etidye epi reflechi sou pawòl 'Abdu'l-Bahá sa yo :

« **Pa gen anyen nan lemonn sa a ki pi dous pase lapriyè. Lòm dwe viv nan yon eta lapriyè. Kondisyon ki pi beni an se kondisyon lapriyè ak sipliye Bondye. Lapriyè se konvèsasyon avèk Bondye. Pi gran rezilta nou ka jwenn, eta ki pi dous la, se pa lòt bagay pase pale avèk Bondye. Li fè nou vin esprityèl, li reveye konsyans nou epi li ba nou santiman selès. Li atire nou bò Wayòm nan, li devlope kapasite entelijans siperyè nou. »<sup>11</sup>**

1. Ki eta ki pi dous nan lemonn sa a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2. Kisa « *eta lapriyè* » vle di ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
  
3. Ekri kèk kalite lapriyè kreye : \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
  
4. Repase sitasyon ou fèk etidye yo nan dènnye seksyon sa yo epi ekri 5 fraz sou nati lapriyè.
  - Lapriyè se \_\_\_\_\_
  - Lapriyè se \_\_\_\_\_
  - Lapriyè se \_\_\_\_\_
  - Lapriyè se \_\_\_\_\_
  - Lapriyè se \_\_\_\_\_

## SEKSYON 6

Li epi medite sou pawòl Bahá'u'lláh sa yo :

**« Chante, O sèvitè Mwen, vèsè Bondye ou resevwa yo, menm jan moun ki pre Bondye yo ap chante; pou dousè melodi ou kapab mete dife nan pwòp nanm ou, epi atire kè tout moun. Moun ki resite pou kò li nan chanm li vèsè Bondye revele yo, zanj Bondye Toupisan an ap simaye pafen mo ki soti nan bouch li toupatou, y ap fè kè moun ki jis yo bat. Menm si li pa santi efè a tousuit, gras Bondye ba li a gen pou l fè efè sou nanm li kanmenm. Se konsa mistè Revelasyon Bondye a te dekrete dapre Volonte Sila a Ki se Sous pouvwa ak sajès la. »<sup>12</sup>**

1. Kisa « *chante* » vle di ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
  
2. Kijan nou ta dwe chante vèsè Bondye yo ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
  
3. Kisa mo resite vle di ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

4. Kisa simaye vle di ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Ki efè dousè melodi nou an ap genyen sou pwòp nanm nou ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
6. Ki efè dousè melodi nou an ap genyen sou kè lòt moun ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## SEKSYON 7

Ou kapab vle memorize 2 pasaj sa yo ki soti nan yon priyè Bahá'u'lláh :

« O Bondye, Bondye mwen ! Pa gade espwa mwen ni aksyon mwen, gade pito volonte Ou ki anbrase syèl la ak tè a. Nan Non ou ki pi Gran, Ou menm ki Seyè tout nasyon yo ! Mwen te dezire sèlman sa ou te dezire, mwen renmen sèlman sa ou renmen. »<sup>13</sup>

« Ou tèlman wo lwanj moun ki prè Ou pa kapab rive monte nan syèl prezans Ou, ni zwazo kè moun ki adore Ou yo pa kapab rive jwenn pòt baryè Ou. Mwen temwen, Ou sanktifye pi wo pase tout kalite, Ou pi sen pase tout non. Pa gen yon lòt Bondye pase Ou, Ou menm ki pi egzalte, ki pi Glorye. »<sup>14</sup>

## SEKSYON 8

'Abdu'l-Bahá di konsa :

« Sèvitè a dwe lapriyè Bondye epi chèche asistans Li, sipliye pou mande èd Li. Se sa ki ran sèvitid ; Seyè a va dekrete sa Li vle, selon sajès Li. »<sup>15</sup>

Li esplike nou :

« Lespri gen enfluyans ; lapriyè genyen enfluyans espartyèl. Poutèt sa, nou lapriyè, 'O Bondye ! Geri malad sa a !' Petèt Bondye va reponn. Èske se moun ki priye a ki enpòtan ? Bondye reponn lapriyè tout sèvitè si lapriyè a ijan. mizerikòd Li vas, li san limit. Li reponn lapriyè tout sèvitè Li yo. Li reponn lapriyè plant la. Plant la mande li, 'O Bondye ! Voye lapli pou mwen !' Bondye reponn lapriyè a, epi plant la grandi. Bondye reponn nenpòt moun. »<sup>16</sup>

Li tou natirèl nan lapriyè nou nou mande Bondye reponn nesite nou. Kife nou lapriyè pou sante nou ak sante moun nou renmen, nou lapriyè pou pwogrè espartyèl ak materyèl pou fanmi nou, nou lapriyè pou gidans. Nou mande fòs, lafwa, konfimasyon nan chemen sèvis nou. Lè nou lapriyè Bondye, nou ta dwe toujou sonje bi nou nan lavi a se pou aliyen volonte nou

avèk Volonte pa Li. Kifè, nou dwe lapriyè pou Volonte li fèt epi nou dwe pare pou soumèt devan li. Si ou chèche aprann pawòl ‘Abdu’l-Bahá sa yo pakè, y a sèvi ou toutan kòm sous lajwa ak asistans :

**« O ou menm k ap vire figi ou nan direksyon Bondye ! Fèmen je ou sou tout lòt bagay, ouvri yo sou wayòm Tout Glwa a. Li menm sèl pou mande kèlkeswa sa ou ap chèche ; chèche nenpòt sa ou anvi jwenn nan men Li menm sèl. Avèk yon sèl rega Li satisfè espwa san mil moun, avèk yon koutje Li geri san mil maladi ki pa gen remèd, avèk yon sèl mouvman Li mete longan sou chak blese, avèk yon koudèy Li libere kè yo ki nan chenn gran tristès. Li fè sa Li vle, e nou menm kisa nou ka fè ? Li akonpli volonte Li, Li deside sa k ap fè Li kontan. Poutèt sa li pi bon pou ou bese tèt ou e obeyi, epi mete konfyans ou nan Seyè tout mizèrikòd la. »<sup>17</sup>**

## SEKSYON 9

Nan tout sa nou etidye jis kounye a, li klè vire bò kote Bondye nan lapriyè se yon veritab nesosite yon lavi espiyèl. Jan sa dous lè nou lapriyè Bondye tousuit lè nou leve maten, epi aswè lè nou pral dòmi. Tan nou pase nan lapriyè chak jou ak kantite priyè nou di depann bezwen nou avèk swaf espiyèl nou. Nan tout okazyon sa yo nou kapab chwazi pami tout priyè Bahá’u’lláh, le Bab avèk ‘Abdu’l-Bahá revele yo. Bahá’u’lláh revele tou twa priyè obligatwa. Men sa Shoghi Effendi di sou sa :

**« Gen twa priyè obligatwa. Pi kout la se yon senp vèsè nou dwe resite yon fwa nan 24 è a midi. Mwayèn nan, ki kòmanse avèk pawòl sa yo, ‘Seyè a temwen mwen pa gen lòt Bondye pase Li menm,’ nou dwe resite li twa fwa nan jounen an, maten, midi ak aswè. Lapriyè sa a gen kèk aksyon ak jès fizik ki akonpaye li. Priyè long nan, se li ki pi konplike nan touletwa, nou dwe resite li sèlman yon fwa nan 24 è, nenpòt lè nan jounen an nou pare pou sa.**

**« Kwayan an lib chwazi nenpòt nan twa priyè yo, men li oblije resite youn nan yo, epi selon direktif espesifik ki mache avè l. »<sup>18</sup>**

Li kontinye konsa :

**« Priyè obligatwa sa yo, ansanm ak kèk lòt priyè espesifik, tankou Priyè Gerizon, Tablèt Ahmad, gen yon pisans ak yon sans espesyal Bahá’u’lláh ba yo, epi kwayan yo dwe aksepte yo konsa, yo dwe resite yo avèk lafwa ak konfyans fèm, paske atravè priyè sa yo yo kapab antre nan yon kominyon pi etwat avèk Bondye, epi yo ka pi byen asosye tèt yo avèk lwa Li yo ak ansèyman Li yo. »<sup>19</sup>**

Chak moun dwe di priyè obligatwa Bahá’u’lláh revele yo poukont li. Kalite priyè an gwoup, kote yo di yon priyè obligatwa chak jou nan yon gwoup tankou sa fèt nan sèten rityèl, pa egziste nan Fwa Bahá’í. Priyè pou lèmò se sèl priyè an gwoup lwa Bahá’í yo preskri. Yon moun pami moun ki la yo dwe resite li anvan nou mete moun nan nan tè, etan rès moun yo kanpe an silans.

1. Kisa mo « obligatwa » vle di ? \_\_\_\_\_

2. Konbyen priyè obligatwa Bahá'u'lláh te revele ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Eske nou dwe resite touletwa priyè yo chak jou ? \_\_\_\_\_
4. Si nou chwazi di Priyè obligatwa long nan, konbyen fwa nou dwe resite li chak jou ?  
\_\_\_\_\_
5. Konbyen fwa nou dwe di Priyè obligatwa mwayèn nan, si se li nou chwazi di ? \_\_\_\_\_
6. Konbyen fwa nou dwe di Priyè obligatwa kout la, si se li nou chwazi di ? \_\_\_\_\_
7. Di kèk lòt priyè ki genyen yon pouvwa espesyal : \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
8. Aprann Priyè obligatwa kout la, si ou poko konnen li :  
  

**« Mwen temwen O Bondye, Ou kreye mwen pou mwen konnen Ou ak pou m adore Ou. Mwen rekonèt, nan moman sa a, mwen pa gen pouvwa e Ou gen pouvwa, mwen pòv e Ou rich.**

**« Pa gen lòt Bondye pase Ou, Ou menm ki se èd nan danje, ki kont pou tèt Ou.»<sup>20</sup>**
9. Kisa nou pote temwayaj nan priyè sa a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## SEKSYON 10

Nou dwe sonje an plis benediksyon nou resevwa nan obeyisans lwa priyè obligatwa avèk nourisman nou jwenn lè nou di priyè nou pou kont nou, nanm nou elve lè nou tande lapriyè yo resite nan reyinyon yo, kit yo piti kit yo gwo. Bahá'u'lláh di nou konsa :

**« Rasanble nan pi gran jwa ak kamaradri epi resite vèsè Seyè mizèrikòd la te revele. Lè ou fè sa, pòt veritab konesans la ap ouvri andedan ou, ou ap santi nanm nou vin jwenn fèmte epi kè nou ap plen avèk jwa reyonan. »<sup>21</sup>**

Nou tout santi gwo kontantman lè nou konnen toupatou nan lemonn, reyinyon devosyonèl kote zanmi avèk vwazen yo ap reyini pou kominye avèk Bondye ap miltipliye mil fwa. Mezon inivèsèl jistis ekri :



**« Reyinyon devosyonèl yo se okazyon kote nenpòt moun te mèt antre, pran pafen diven yo, jwi dousè lapriyè, medite sou Pawòl kreyatif la, transpòte sou zèl lespri, epi kominye avèk Adore a. Santiman ki pran nesans se kamaradri nan yon menm kòz, sitou nan konvèsasyon espirityèl ki fèt tou natirèl nan moman sa yo ; se atravè yo ‘vil kè lèzòm’ kapab ouvri. »<sup>22</sup>**

Lè nou anvi lapriyè, nou tann yon moman trankil pou nou ka netwaye lespri nou avèk kesyon lemonn. Etan n ap lapriyè, nou kenbe panse nou santre sou Bondye. Apre nou fin resite priyè yo, nou rete nan silans yon ti tan, nou pa leve dirèk ale nan lòt aktivite. Se menm jan lè n ap koute priyè lòt moun ofri nan reyinyon an. Nan okazyon sa yo, nou kenbe yon atitid lapriyè epi nou swiv pawòl yo avèk atansyon, kòm si se nou menm ki t ap resite priyè yo.

1. Avèk ki espri nou ta dwe reyini ansanm lè n ap resite vèsè Bondye ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

2. Ki efè reyinyon nou genyen lè n ap resite vèsè Bondye ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

3. Reyinyon priyè yo se okazyon kote nanm nou kapab.

- \_\_\_\_\_ ,

- \_\_\_\_\_ ,

- \_\_\_\_\_ ,

- \_\_\_\_\_ ,

- \_\_\_\_\_ , epi

- \_\_\_\_\_ .

4. Ki santiman ki degaje nan reyinyon priyè yo ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

5. Ki efè konvèsasyon espirityèl ki rive natirèlman nan reyinyon priyè yo ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

6. Ekri kèk mo sou atitid respektye nou ta dwe montre lè n ap lapriyè, kit nou pou kont nou, kit nou nan yon reyinyon.

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

## SEKSYON 11

Premye kou nan liv sa a te konsantre sou abitud li pasaj nan Ekriti yo chak jou epi reflechi sou sans yo. Ou te reflechi sou siyifikasyon lapriyè, epi kòm rezilta, sa ranfòse abitud resite lapriyè chak jou. Dènye seksyon an te fè w reflechi sou enpòtans devosyon kominotè. Tout sa ou etidye la a prepare ou pou antreprann, si ou vle, yon premye ak sèvis, òganize yon reyinyon devosyonèl.

Kòm premye pa, ou ka vle memorize kèk priyè epi jwenn yon opòtinite pou pataje yo avèk kèk zanmi. An menm tan, ou ta ka asire ou patisipe omwens nan yon reyinyon devosyonèl nan kominote ou kote yo konte ou kòm sipòtè antouzyas rankont yo. Apre sa, ou ka deside òganize pwòp reyinyon devosyonèl pa ou, envite kèk zanmi, manm fanmi ou, vwazen ou pou reyini regilyèman pou lapriyè ak pou pataje kamaradri. Byen souvan 2 ou 3 patisipan nan kou sa a konn kòmanse yon reyinyon ansanm.

Kòm ou kapab imajine, pa gen fòmil pou kijan yon reyinyon devosyonèl ta dwe òganize. Men se yon reyinyon zanmi kote yo ofri lapriyè, yo li pasaj nan Ekriti Sen, epi yo fè konvèsasyon elve – tout nan yon atmosfè byen esprityèl. Eske ou ka ekri kèk mo sou chak lide sa yo, nan kontèks yon reyinyon priyè ?

Envite moun avèk chalè : \_\_\_\_\_

---

---

---

Kreye yon anviwònman chalere : \_\_\_\_\_

---

---

---

Kenbe yon atmosfè reverans : \_\_\_\_\_

---

---

---

Ankouraje kamaradri nan lajwa : \_\_\_\_\_

---

---

---

Ankouraje konvèsasyon espartyèl : \_\_\_\_\_

---

---

---

## REFERANS

1. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh*, (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'ies, 2<sup>e</sup> edition), XLIII, par. 3, paj 63.
2. Bahá'u'lláh, sou 'merite konfyans': *A compilation from the Bahai Writings*, Depatman Rechèch Mezon Inivèsèl Jistis la te prepare (London: Bahá'í Publishing Trust, 1987), no. 21, p. 5.
3. *The Call of the Divine Beloved: Selected Mystical Works of Bahá'u'lláh* (Haifa: Bahá'í World Centre, 2018), no. 2.43, p. 31.
4. Soti nan yon diskou ki te fèt 2 me 1912, bibliye nan *The Promulgation of Universal Peace: Talks Delivered by 'Abdu'l-Bahá during His Visit to the United States and Canada in 1912* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2012), p. 127.
5. Bahá'u'lláh, *Pawòl Kache yo* (Henri Deschamps), nan lang Arab no. 13, paj. 6–7.
6. Soti nan yon lèt date 8 desanm 1935 ki te ekri nan non Shoghi Effendi, bibliye nan *Prayer and Devotional Life: A Compilation of Extracts from the Writings of Bahá'u'lláh, the Báb, and 'Abdu'l-Bahá and the Letters of Shoghi Effendi and the Universal House of* Depatman Rechèch Mezon Inivèsèl Jistis la te prepare (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2019), no. 71, p. 31.
7. Pawòl 'Abdu'l-Bahá yo, site pa J. E. Esslemont, *Bahá'u'lláh et L'ère Nouvelle: Une Introduction à la Foi Bahá'í* (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'ies, 6<sup>e</sup> revisee), paj 108-109.
8. Ibid.
9. Bahá'u'lláh, nan *Priyè Bahai* (bibliye an Ayiti), paj 11.
10. Ibid., paj 13.
11. Pawòl 'Abdu'l-Bahá, site nan *Star of the West*, vol. 8, no. 4 (17 May 1917), p. 41.
12. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh*, (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'ies, 2<sup>e</sup> edition), CXXXVI, par. 2, paj 194; nan *Priyè Bahai* tou, p. iii.
13. Bahá'u'lláh, nan *Priyè Bahai*, long priyè obligatwa paj 12 (enprime 2015).
14. Ibid., paj 16.
15. 'Abdu'l-Bahá, nan *Prayer and Devotional Life*, no. 24, p. 7.
16. Yon diskou 'Abdu'l-Bahá te bay 5 out 1912, bibliye nan *The Promulgation of Universal Peace*, (Wilmette: Bahá'í Publishing Trust, 1995), paj 246.

17. *Selections des Ecrits de 'Abdu'l-Bahá* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2010, 2015 printing), no. 22.1.
18. Soti nan yon lèt date 10 janviye 1936 ekri nan non Shoghi Effendi, pibliye nan *Prayer and Devotional Life*, no. 61, paj 25.
19. Soti nan yon lèt date 10 janviye 1936 ekri nan non Shoghi Effendi, site nan *Priyè Bahai*, paj 26.
20. Bahá'u'lláh, nan *Priyè Bahai*, paj 5 (pibliye 2015).
21. Bahá'u'lláh, nan *Prayer and Devotional Life*, no. 68, p. 29.
22. Soti nan yon mesaj date 29 Desanm 2015, pibliye nan *Framework for Action: Selected Messages of the Universal House of Justice and Supplementary Material, 2006–2016* (West Palm Beach: Palabra Publications, 2017), no. 35.49, p. 232.





# Lavi ak Lamò

## Objektif

Se pou nou apresye ke lavi pa  
senpman avèk chanjman nan  
monn la men li pran vre sans  
li nan devlopman nanm nan





## SEKSYON 1

Nanm nou pi gran, pi wo pase matyè avèk lemond fizik. Nan youn nan diskou li yo, 'Abdu'l-Bahá di konsa :

**« Kò materyèl sa yo konpoze avèk atòm; lè atòm yo kòmanse separe, yo vin dekonpoze, lè sa a nou pale de lanmò... »**

**« Avèk nanm nan sa pa konsa. Nanm nan se pa yon melanj eleman, li pa konpoze avèk plizyè atòm, se yon matyè ki pa kapab divize, sa fè li etènèl. Li pa antre nan lòd kreyasyon fizik la menm menm ; li imòtèl ! »<sup>1</sup>**

1. Kisa sa vle di li « konpoze avèk » ? \_\_\_\_\_
2. Eske nanm imen fèt avèk divès eleman, tankou kò materyèl yo ? \_\_\_\_\_
3. Eske nanm imen se yon bagay fizik ? \_\_\_\_\_

## SEKSYON 2

Nan yon lèt yo ekri pou Gadyen an, li di « nanm lòm vin egziste nan moman konsepsyon ». <sup>2</sup> Nan yon lèt kote Mezon inivèsèl jistis reponn sou yon kesyon konsènan « konsepsyon » li di konsa :

**« Nou pa jwenn anyen nan Ekri Bahá'í yo ki bay egzakteman yon definisyon moman biyolojik avèk nati evènman ki dekri kòm 'konsepsyon'. Jan yo sèvi avèk tèm nan nan yon kontèks medikal parèt san presizyon tou. Vreman vre, yon jan nou konprann konsepsyon se di li parèt nan moman fètilizasyon; yon lòt jan tèm nan sèvi di li rive apre fètilizasyon ak enplantasyon, lè gwosès la kòmanse. Kifè, se kapab pa posib pou nou konnen lè asosyasyon nanm nan avèk fòm materyèl la rive, epi nou kapab pa rive klèsi kesyon sa yo avèk lespri imen oswa avèk rechèch, paske relasyon yo se avèk mistè lemond espirityèl ak nati nanm nan menm. »<sup>3</sup>**

1. Kilè nanm imen vin egziste ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Eske tèm 'konsepsyon' dekri yon moman biyolojik klè ? \_\_\_\_\_

## SEKSYON 3

Koneksyon ant nanm nan ak kò a pa yon koneksyon materyèl; nanm nan pa antre ni li pa soti nan kò a, li pa pran oken plas fizik. Asosyasyon li avèk kò a menm jan avèk asosyasyon limyè ak glas ki montre l la. Limyè a parèt nan glas la, li pa andedan glas la. Menm jan an tou, nanm nan pa andedan kò a. Jan 'Abdu'l-Bahá di a.

« Nanm rasyonèl la, oswa lespri imen, pa egziste atravè kò sa a otomatikman – sa ki vle di, li pa antre nan kò a ; paske koneksyon otomatik avèk antre se karakteristik kò yo, e nanm rasyonèl la sanktifye pase sa. Li pa te janm antre nan kò a pou kòmanse, paske li ta vin bezwen kèk lòt kote pou l ale lè pou l kite kò a. Non, koneksyon lespri avèk kò a tankou koneksyon lanp la avèk glas la. Si glas la poli, li pèfeksyone, limyè lanp la parèt ladan, epi si miwa a kraze oswa li kouvri avèk pousyè, limyè a rete kache. »<sup>4</sup>

1. Ranpli espas nan fraz sa yo :

- a. Nanm rasyonèl la, oswa \_\_\_\_\_, pa egziste atravè kò a yon fason esansyèl – sa ki vle di, li pa \_\_\_\_\_.
- b. \_\_\_\_\_ la, oswa lespri imen, pa antre nan kò a ; paske koneksyon esansyèl avèk antre se \_\_\_\_\_ kò a, e nanm rasyonèl la \_\_\_\_\_.
- c. Nanm nan pa te janm \_\_\_\_\_ pou kòmanse, paske li ta bezwen \_\_\_\_\_, lè l ta kite li.
- d. Koneksyon lespri avèk kò a tankou koneksyon \_\_\_\_\_.
- e. Si glas la poli li pèfeksyone, \_\_\_\_\_ parèt ladan.
- f. Si miwa a kraze oswa li kouvri avèk pousyè, \_\_\_\_\_.

2. Selon sa nou etidye jis kounye a, di si fraz sa yo vre :

- \_\_\_\_\_ Nanm nan pa fè pati monn fizik la.
- \_\_\_\_\_ Nanm nan andedan kò a.
- \_\_\_\_\_ Kò a se mèt nanm nan.
- \_\_\_\_\_ Nanm nan imòtèl.
- \_\_\_\_\_ Moun nan kòmanse lè nanm nan asosye avèk anbriyon an.
- \_\_\_\_\_ Lavi kòmanse lè moun nan fèt nan monn sa a.
- \_\_\_\_\_ Egzistans materyèl moun nan kontinye apre lanmò.
- \_\_\_\_\_ Lavi fèt avèk bagay ki rive nou toulejou.

3. Sèvi avèk imaj limyè a avèk glas la pou dekri relasyon ant nanm nan avèk kò a : \_\_\_\_\_

---



---



---



---

## SEKSYON 4

Gen yon relasyon espesyal anpil ant nanm nan avèk kò a, se ansanm yo fòme moun nan. Relasyon sa a dire sèlman jistan nou mouri. Lè asosyasyon ant yo de a sispann, chak tounen kote li soti – kò a tounen nan monn pousyè a epi nanm nan ale nan monn espiritiyèl Bondye yo, kote li kontinye pwogrese. ‘Abdu’l-Bahá di konsa :

**« Lespri imen genyen yon kòmansman men li pa gen fen. Li dire vitametènam. Li la pou tout tan ».**<sup>5</sup>

Nan yon diskou, Li te di :

**« Lespri pa bezwen kò a, men kò a bezwen lespri a, san li li pa ka viv. Nanm nan kapab viv san kò a, men kò a mouri san nanm nan. »**<sup>6</sup>

Epi Gadyen an esplike :

**« Kanta nanm lèzòm : selon ansèyman Bahá’í yo nanm imen kòmanse avèk fòmasyon anbriyon imen an, epi li kontinye devlope e pase atravè etap egzistans san fen apre li separe avèk kò a. Kife pwogrè li pa janm kanpe. »**<sup>7</sup>

1. Sonje sitasyon sa yo epi reponn kesyon yo :

a. Eske kò a bezwen yon nanm ? \_\_\_\_\_

b. Eske nanm nan bezwen kò a ? \_\_\_\_\_

c. Kisa ki rive koneksyon ant kò a avèk nanm nan lè nou mouri ? \_\_\_\_\_

d. Kisa ki rive nanm nan apre lamò ? \_\_\_\_\_

e. Konbyen tan pwogrè nanm nan dire ? \_\_\_\_\_

f. Kilè lavi fini ? \_\_\_\_\_

2. Deside kilès nan fraz sa yo ki dakò avèk sa nou etidye nan dènye seksyon yo :

\_\_\_\_\_ Lamò se yon pinisyon.

\_\_\_\_\_ Koneksyon ant kò a avèk nanm nan dire tan nou sou latè a sèlman.

\_\_\_\_\_ Kò a kapab fè pwogrè tout tan.

\_\_\_\_\_ Nanm nan ap pwogrese tout tan.

\_\_\_\_\_ Lanmò se lafen lavi.

\_\_\_\_\_ Ap genyen yon jou jijman lè kò nou ap leve.

- \_\_\_\_\_ Lè nou mouri, nanm nan ap gen plis libète pase sa li te genyen anvan.
- \_\_\_\_\_ Lavi fini avèk lanmò.
- \_\_\_\_\_ Nou dwe pè mouri.
- \_\_\_\_\_ Manje, rad, repo avèk rekreyasyon nesèsè pou nanm nan.
- \_\_\_\_\_ Nanm nan vin bouke lè kò a sèvi avèk tout enèji li.
- \_\_\_\_\_ Nanm nan pa afekte lè kò a vin malad oswa li gen feblès.
- \_\_\_\_\_ Moun nan ap kontinye gen bezwen fizik lè l fin mouri.

## SEKSYON 5

Nou te wè nanm nan pa pran plas fizik ni li pa fonksyonnen selon lwa lanati, menm jan ak bagay materyèl yo. Nanm nan enfliyanse lemondn atravè ajans kò a, men se pa sèl mwayen pou nanm nan egzèse pouvwa li. Bahá'u'lláh te deklare :

**« Anverite Mwen di, nanm lòm pi elve pase tout lwa ki dirije kesyon ale vini. Li fiks, men li monte : li deplase, men li fiks. »<sup>8</sup>**

Epi ‘Abdu’l-Bahá di nou :

**« Konnen enfliyans avèk pèsepsyon lespri lèzòm fonksyonnen 2 jan; sa vle di lespri imen gen 2 fason li opere e li konprann. Yon mòd se atravè wòl enstriman kò a ak ògàn yo. Kifè li wè avèk je, li tandè avèk zòrèy, li pale avèk lang...**

**« Lòt fason pou lespri fè enfliyans epi antre nan aksyon se san enstriman kòporèl yo avèk ògàn yo. »<sup>9</sup>**

1. Ranpli espas yo nan fraz sa yo :
  - a. Nanm moun pi elve pase lwa ki \_\_\_\_\_ kesyon \_\_\_\_\_.
  - b. Li \_\_\_\_\_ men li \_\_\_\_\_.
  - c. Li \_\_\_\_\_, men li \_\_\_\_\_.
  
2. Dekri 2 jan yo ki pèmèt nanm nan wè epi egzèse enfliyans sou monn nan : \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
  
3. Eske ou kapab bay egzanp kijan nanm nan fè enfliyanse epi aji san enstriman kòporèl ?  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

---

---

## SEKSYON 6

Kounye a, sonje diskisyon nou te fè nan dènye seksyon yo, epi li pasaj sa a nan Ekri Bahá'u'lláh :

« Konnen nanm imen gran lontan anpil, li endepandan ak tout feblès kò a ni lespri a. Yon moun malad montre siy feblès paske li genyen anpechman ki plase ant nanm li avèk kò li, paske nanm nan li menm pa afekte avèk maladi kò a. Konsidere limyè yon lanp. Menm si yon bagay andeyò li kapab jennen fè l pa klere, limyè a li menm kontinye briye avèk menm fòs la. Menm jan an, chak maladi ki afekte kò lòt se yon anpechman ki fè nanm nan pa kapab manifeste pouvwa natirèl li avèk fòs li. Lè li kite kò a sepandan, l ap depase pouvwa sa a, l ap revele yon enfluyans pyès fòs sou latè pa kapab egal. Chak nanm pi, chak nanm rafine e pwòp, ap genyen gwo pouvwa, li va rejwi avèk gran kontantman. »<sup>10</sup>

1. Esplike nan pwòp pawòl ou kijan nanm nan rete san li pa afekte avèk enfimite kò ak lespri, epi kisa ki va parèt klè lè l ap separe avèk kò a.

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

2. Eske n ap kenbe pwòp karakteristik nou apre lanmò kò fizik nou ? \_\_\_\_\_

## SEKSYON 7

Bahá'u'lláh di konsa :

« Kounye a konsènan kesyon ou sou nanm lòt avèk lavi li apre lanmò. Konnen an verite, nanm nan apre li fin separe avèk kò a ap kontinye pwogrese jis li rive nan prezans Bondye nan yon eta ak yon kondisyon ni chanjman tan yo avèk syèk yo, ni chans ak tribilasyon monn sa a, pa kapab gate. Li gen pou andire toutotan Wayòm Bondye, otorite siperyè Li, dominasyon Li avèk pouvwa Li ap andire. Li gen pou manifeste siy Bondye yo, kalite Li yo, epi li gen pou revele gran bonte Li avèk jenewozite Li. »<sup>11</sup>

1. Konbyen tan nanm nan ap kontinye pwogrese apre lamò fizik ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Nan ki kondisyon nanm nan ap kontinye vwayaj etènèl li pou vire jwenn Bondye ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Ki kalite ak siy nanm nan ap manifeste nan eta sa a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Selon sa nou sot etidye la a, di kiyès nan fraz sa yo ki kòrèk :  
 \_\_\_\_\_ Wayòm Bondye a ap dire tout tan.  
 \_\_\_\_\_ Nanm nan gen kapasite pou manifeste kalite ak siy Bondye yo.  
 \_\_\_\_\_ Lapriyè nou di pou lèmò pa afekte pwogrè nanm yo.  
 \_\_\_\_\_ Nanm nan pa janm sispann egziste.

## SEKSYON 8

Bahá'u'lláh deklare :

« **Konnen byen, chak zòrèy ki kapab tande, ki rete pwòp epi ki rete lwen tout salte, dwe toujou koute nan tout direksyon vwa k ap leve ki resite pawòl sakre sa yo : ‘An verite, nou soti nan Bondye epi n ap tounen al jwenn Li.’ Mistè yo ki nan lamò fizik lòm ak nan retou li poko janm devwale e yo kache toujou [...]**

« **Lamò ofri chak kwayan ki fèm koup ki se vrè lavi a. Li pote lajwa, li bay bonè. Li bay kado lavi ki p ap janm fini.**

« **Kanta pou moun ki goute fwi egzistans lòm sou latè, ki se rekonesans Bondye veritab la, tout glwa pou Li, Nou pa kapab dekri lavi yo aprè lanmò. Tout konesans sou sa se nan men Bondye sèl li ye, Senyè tout monn yo. »<sup>12</sup>**

« **O Pitit Siprèm nan ! Mwen fè lanmò yon mesaj jwa pou ou. Poukisa ou gen lapenn ? Mwen fè limyè pou klere ou avèk esplandè li. Poukisa ou kache devan li. »<sup>13</sup>**

1. Di kilès nan fraz sa yo ki verite :  
 \_\_\_\_\_ Nanm lòm soti nan Bondye epi l ap tounen jwenn Li.



**li nan monn matris la avèk kapasite ki nesèsè pou egzistans li sou tè a, se menm jan an tou, kapasite esansyèl li pral bezwen nan Wayòm nan, ki vle di tout pouvwa diven yo, se nan monn sa a pou li jwenn yo. »<sup>14</sup>**

1. Deside si fraz sa yo vre oswa yo pa vre :

\_\_\_\_\_ Tout pouvwa ki nesèsè nan monn sa a se nan matris la nou jwenn yo.

\_\_\_\_\_ Nou pa bezwen prepare tèt nou pou lavi nan pwochen monn nan.

\_\_\_\_\_ Sa nou bezwen nan monn Wayòm nan nou dwe jwenn yo isit la.

\_\_\_\_\_ Bi lavi sa a se pou jwenn pouvwa ki nesèsè nan pwochen monn la.

\_\_\_\_\_ Veritab lavi kòmanse lè nou mouri e nou ale nan Wayòm diven an.

\_\_\_\_\_ Veritab lavi kòmanse nan monn sa a e li kontinye apre lamò fizik nou.

2. Site kèk kapasite lòm resevwa nan monn matris la ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Site kèk kapasite nou ta dwe jwenn isit pou lavi apre lanmò nou ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## **SEKSYON 10**

Bahá'u'lláh di konsa :

**« Tout devwa lòm nan Jou sa a se pou li chèche jwenn pòsyon gras Bondye ap vide sou li. Men piga pèsonn chita ap reflechi sou gwosè veso a, si li gwo oubyen si li piti. Pòsyon gras kèk moun jwenn kapab chita nan yon pla men, pòsyon pa kèk lòt kapab plen yon gode, epi gen kèk lòt moun ankò, pòsyon pa yo kapab menm egal yon galon. »<sup>15</sup>**

1. Selon sa nou aprann nan sitasyon sa a, reponn kesyon sa yo :

a. Kisa ki devwa chak moun nan Jou sa a ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

b. Ekri kèk benediksyon ou te resevwa nan men Bondye. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

c. Kisa « veso » a ye nan sitasyon an ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_



d. Poukisa nou pa dwe konsidere « gwo sè veso » nou an, si li gwo ak si li piti ? \_\_\_

---

---

---

e. Kisa nou fè ki anpeche nou resevwa pòsyon pa nou nan gras Bondye ? \_\_\_\_\_

---

---

---

2. Kilès nan fraz sa yo ki vre ?

\_\_\_\_\_ Veso nou a piti oswa li gwo, selon si nou entelijan ou pa.

\_\_\_\_\_ Pou sèvi Bondye, nou dwe bliye feblès nou yo epi mete tout konfyans nou nan Bondye.

\_\_\_\_\_ Si nou pa devlope kapasite Bondye ban nou nan monn sa a, nanm nou ap fèb lè nou rive nan lòt monn la.

## SEKSYON 11

Bahá'u'lláh di konsa :

**« Ou te mande Mwen pale sou karaktè nanm nan. Konnen, an verite, nanm nou se yon siy Bondye, se yon bijou selès e menm pi gwo savan pa kapab konprann reyalite li. Pa gen yon moun ki gen ase lespri pou li ta kapab espere dekouvri mistè nanm nan. Pami tout sa Bondye kreye, nanm nan se premye bagay ki deklare pèfeksyon Kreyatè li, se premye bagay ki rekonèt glwa Li, ki kenbe fèm nan verite Li, ki bese devan Li nan adorasyon. »<sup>16</sup>**

1. Konplete fraz sa yo, souple :

a. Nanm nou se yon \_\_\_\_\_ Bondye.

b. Nanm nou se yon \_\_\_\_\_ menm pi gwo savan an pa kapab konprann \_\_\_\_\_ e menm yon moun ki gen anpil lespri pa ta kapab espere dekouvri \_\_\_\_\_.

c. Nanm nan se \_\_\_\_\_ ki deklare pèfeksyon Kreyatè li.

d. Nanm nan se premye \_\_\_\_\_ glwa Bondye.

e. Nanm nan se premye \_\_\_\_\_ verite Bondye.

f. Nanm nan se premye \_\_\_\_\_ an adorasyon devan Bondye.

2. Ekri si fraz sa yo se vrè :

\_\_\_\_\_ « *Dekouvri* » vle di jwenn.

\_\_\_\_\_ Pami tout sa Bondye kreye, premye bagay ki rekonèt Li se entelijans lòm.

\_\_\_\_\_ « *Gen ase lespri* » vle di ase entèlijan.

\_\_\_\_\_ Yon savan rive konprann mistè nanm nan.

\_\_\_\_\_ Sèl gran filozòf yo kapab deklare ekselans Bondye.

\_\_\_\_\_ Li pa nesèsè pou nou medite sou nanm nan paske nou p ap janm rive konprann li.

## SEKSYON 12

Bahá'u'lláh deklare :

« **Nou tankou zwazo a k ap vole nan gwo espas syèl la ak tout pisans gran zèl li yo, plen lajwa, avèk tout konfyans, jouk lè li santi li anvi manje. Pou satisfè apeti li, li decide vire bò dlo ak labou ki atè a; men, kounye a li vin anpetre nan filè dezi li yo epi li pa jwenn fòs pou l retounen vole nan wayòm kote li te ye a. Anvan, zwazo a te alèz nan syèl la, kounye a li pa kapab retire labou sal ki peze zèl li yo epi li oblije chèche yon kote pou l viv nan pousyè a. Poutèt sa, O sèvitè Mwen yo, pa tache zèl nou avèk labou dezi inital, ak dezobeyisans, epi pa kite yo sal avèk pousyè anvi ak rayisman, pou anyen pa anpeche nou vole nan syèl konesans diven Mwen. »<sup>17</sup>**

1. Konplete fraz sa yo :

a. Zwazo Bahá'u'lláh pale sou li a nan sitasyon an se \_\_\_\_\_ lòm.

b. Zwazo sa a abite nan \_\_\_\_\_.

c. Si zèl li sal, zwazo a fòse chèche yon kay nan \_\_\_\_\_.

2. Kounyeya, reponn kesyon sa yo :

a. Kijan « zèl » nanm nan vin « sal » ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

b. Site kèk bagay ki, tankou « dlo ak labou ki atè a », peze sou zèl nanm nan. \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

- c. Kisa ki kapab anpeche nou vole nan syèl konesans diven an ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
- d. Poukisa yon nanm ta fè echanj kay selès li a pou l al viv nan pousyè lemonn ? \_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

3. Deside si fraz sa yo vre :

- \_\_\_\_\_ Atachman ak bagay lemonn anpeche nou fè pwogrè espiyèl.
- \_\_\_\_\_ Dezobeyisans nou avèk dezi initil nou anpeche nou vole ale nan syèl konesans diven an.
- \_\_\_\_\_ Anvi avèk rayisman se karaktè natirèl lòm e yo pa jennen nanm nou.
- \_\_\_\_\_ Nou ka debarase avèk chaj ki anpeche nou monte nan grandè syèl la lè nou detache avèk bagay lemonn yo.
- \_\_\_\_\_ Kay nanm nan nan monn sa a.

## SEKSYON 13

Bahá'u'lláh dí konsa :

« Lè Li te fin kreye lemonn ak tout sa k ap viv, k ap deplase ladan li, Bondye, avèk pwòp Volonte Li ki Otorite siprèm san limit, te bay sèlman lòm privilèj genyen kapasite pou konnen Li epi renmen Li. Nou dwe konsidere kapasite sa a kòm fòs fondamantal, kòm premye bi tout kreyasyon an. ... Bondye te voye limyè youn nan non Li yo sou reyalite ki egziste nan fon chak bagay ki kreye, Li fè chak bagay jwenn glwa youn nan kalite Li yo. Poutan, nan reyalite lòm, Bondye te konsantre limyè tout non ak tout kalite Li; Li te fè reyalite lòm tankou yon glas k ap reflekte pwòp reyalite pa Li. Pami tout bagay ki kreye, se sèl lòm Bondye te chwazi pou yon favè ki si gran, yon bonte k ap kontinye si lontan. »<sup>18</sup>

1. Konplete fraz sa yo :
- a. Bondye chwazi bay lòm distenksyon avèk kapasite pou \_\_\_\_\_ .
- b. Bondye te voye limyè \_\_\_\_\_ sou reyalite ki egziste nan fon chak \_\_\_\_\_ ki kreye, Li fè chak bagay jwenn glwa \_\_\_\_\_ .
- c. Sou reyalite lòm, Li konsantre limyè \_\_\_\_\_ ak tout \_\_\_\_\_ ; Li fè li tankou \_\_\_\_\_ ki reflekte \_\_\_\_\_ .

2. Kounye a reponn kesyon sa yo :

a. Eske ou ka site kèk nan kalite Bondye yo ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

b. Ki kalite Bondye nanm lòm kapab reflete ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

c. Kijan kalite sa yo kapab manifeste ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

d. Ki privilèj espesyal Bondye te bay lòm ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

3. Kilès nan fraz sa yo ki vre ?

\_\_\_\_\_ Lòm pa genyen diferans ak rès kreyasyon an.

\_\_\_\_\_ Kapasite lòm genyen pou li konnen Bondye se fòs fondamantal ak premye bi tout kreyasyon an.

\_\_\_\_\_ Reyalite ki rete nan fon chak bagay Bondye te kreye reflete limyè youn nan kalite Bondye.

\_\_\_\_\_ Nanm lòm kapab reflete tout kalite Bondye yo.

## SEKSYON 14

Bahá'u'lláh dí nou konsa :

**« Solèy bonte Diven an ak Sous direksyon selès la te mete yon kantite enèji nan reyalite lòm, potansyèl anndan li, menm jan flanm nan kache andedan balèn nan epi kapasite pou lanp la bay limyè kache ladan. Dezi terès yo kapab vwale limyè enèji sa yo, menm jan pousyè ak salte ki kouvri glas la kapab anpeche ou wè limyè solèy la. Ni balèn nan, ni lanp lan pa kapab limen ak pwòp efò pa yo; epi li p ap janm posib pou glas la wete salte ki sou kò li. Li byen klè, toutotan ou pa limen lanp lan, li p ap klere, epi toutotan ou pa retire salte a sou glas la, li p ap janm kapab montre imaj solèy la ni li p ap reflete limyè li ak glwa li. »<sup>19</sup>**

1. Kisa « potansyèl » vle di ? \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

2. Bay kèk kapasite ki potansyèl nan nanm lòm nan ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
3. Ki kapasite potansyèl lanp lan genyen ? \_\_\_\_\_
4. Ki kapasite glas la genyen ? \_\_\_\_\_
5. Kisa ou dwe fè pou lanp lan kapab bay limyè ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
6. Kisa ou bezwen fè pou glas la kapab reflekte limyè ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
7. Èske lanp la oswa glas la kapab montre kapasite li genyen pou kont li ? \_\_\_\_\_
8. Ki rapò 2 egzanp sa yo genyen avèk kondisyon nanm lòm ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
9. Kiyès ki kapab fè nanm nan montre kapasite li genyen ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

## SEKSYON 15

Bahá'u'lláh di konsa :

**« Pòt ki mennen nan konesans Letènèl la te toujou rete fèmen, epi l ap toujou rete fèmen devan je lèzòm. Okenn entèlijans lòm p ap janm kapab pwoche lakou sen Li. Toutfwa, kòm siy mizèrikòd Li ak prèv byenveyans Li, Bondye te fè parèt pou lèzòm Zetwal Maten Li yo ki bay direksyon diven Li, Sila yo ki se Siy linite diven Li. Selon lòd Li, konesans Mesaje sanktifye sa yo egal ak konesans Bondye menm. Moun ki rekonèt Yo, rekonèt Bondye. Moun ki tande apèl Yo, tande Vwa Bondye. Moun ki temwen verite Revelasyon Yo, temwen verite Bondye menm. Moun ki vire do ba Yo, vire do bay Bondye. Nenpòt moun ki refize kwè nan Yo, refize kwè nan Bondye tou. Yo chak se Chemen Bondye ki relye monn sa a ak wayòm anwo a; Yo chak se Drapo Verite Li pou tout moun ki viv sou tè a ak tout sa ki nan wayòm syèl la. Yo se Manifestasyon Bondye pami lèzòm, prèv Verite Li, Yo se siy glwa Li. »<sup>20</sup>**

1. Sonje sitasyon sa a epi reponn kesyon yo :
  - a. Èske li posib pou nou konnen Bondye dirèkteman ? \_\_\_\_\_
  - b. Kijan nou kapab rive konnen Bondye ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
  - c. Eske ou kapab site kèk Zetwal Maten ki bay direksyon Bondye ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
  - d. Lè moun tande apèl Manifestasyon Bondye yo, se vwa kiyès yo tande ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
  - e. Kiyès nou bay do, lè nou refize koute apèl Manifestasyon Bondye yo ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
  
2. Konplete fraz sa yo :
  - a. Pòt ki mennen nan konesans Letènèl la te toujou \_\_\_\_\_ epi l'ap toujou rete \_\_\_\_\_ .
  - b. Okenn entèlijans lòm pa kapab \_\_\_\_\_ .
  - c. Bondye te voye Manifestasyon Li yo kòm siy \_\_\_\_\_ avèk prèv \_\_\_\_\_ .
  - d. Konesans Manifestasyon Bondye yo egal ak \_\_\_\_\_ .
  - e. Moun ki rekonèt Yo te \_\_\_\_\_ .
  - f. Moun ki tande apèl Yo te \_\_\_\_\_ .
  - g. Yo chak se Chemen Bondye ki \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ .
  
3. Kilès nan fraz sa yo ki vre ?
 

\_\_\_\_\_ Nou ka grandi espiyityèlman gras ak sèl efò nou.

\_\_\_\_\_ Bondye ban nou yon lespri, se tout sa nou bezwen pou fè pwogrè.

\_\_\_\_\_ Nou ap fè pwogrè espiyityèl lè nou rekonèt Manifestasyon Bondye yo e nou pa bezwen fè plis efò.

\_\_\_\_\_ Nou kapab fè pwogrè espiyityèl lè nou rekonèt Manifestasyon Bondye a ak lè nou fè efò pou viv selon ansèyman Li.

- \_\_\_\_\_ Nou kapab konnen Bondye dirèkteman.
- \_\_\_\_\_ Lòm kapab vin tankou Bondye.
- \_\_\_\_\_ Bondye pi wo pase konprann lèzòm.
- \_\_\_\_\_ Lè nou koute pawòl Manifestasyon Bondye a, nou tandè Vwa Bondye.

## SEKSYON 16

Bahá'u'lláh di konsa :

« Pwofèt ak Mesaje Bondye yo te vini paske yo gen pou mennen limanite nan chemen dwat Verite a. Bi revelasyon yo a se te pou edike tout moun, pou lè lanmò vini pou yo yo kapab monte nan pite, nan sentete ak detachman total, pou rive nan twòn Pi Gran an. »<sup>21</sup>

Epi nan yon lòt pasaj Li di :

« Lòm se pi gwo Talisman. Men, lè li pa jwenn yon bon edikasyon, sa fè li manke devlope tout sa ki otomatik anndan li. Yon sèl mo ki soti nan bouch Bondye te ba li lavi; ak yon lòt mo ankò, Li te gide lòm rekonèt Sous edikasyon li; ak yon lòt mo toujou, Bondye te pwoteje ran li ak destine li. Gran Mèt la di : Nou dwe konsidere lòm tankou yon min rich avèk bijou ki gen yon valè nou pa kapab estime. Se edikasyon sèlman ki kapab revele trezò min sa a, epi pèmèt limanite jwenn benefis ladan l. Si yon moun ta medite sou sa ki revele nan Ekriti Sen yo, sa Bondye te voye desann nan syèl Volonte sakre Li, li t ap konprann fasil poukisa Bondye te revele yo : se pou yo kapab konsidere tout limanite se yon sèl nanm, pou chak kè kapab make avèk so ki pote pawòl sen sa yo 'Wayòm nan ap pou Bondye,' epi pou limyè bonte Diven an, limyè gras ak mizèrikòd kapab vlope tout limanite. »<sup>22</sup>

1. Nan ki bi Pwofèt yo avèk Mesaje Bondye yo te vini sou tè a ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
2. Kisa ki objektif revelasyon Yo a ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
3. Kisa mo « talisman » vle di ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
4. Ki konsekans sa genyen lè lòm pa jwenn yon bon edikasyon ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

5. Ki rezilta ki kapab genyen lè lòm jwenn yon bon edikasyon ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
6. Kisa ki sous edikasyon lòm ? \_\_\_\_\_
7. Kisa ki desten lòm ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
8. Site kèk bijou edikasyon fè soti nan lòm ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
9. Kisa nou rekonèt fasilman lè nou medite sou pawòl Ekriti Sen yo ? \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

## SEKSYON 17

Bahá'u'lláh deklare :

« **Metè sou sa, ou te mande mwen sou kesyon eta nanm nan apre li separe avèk kò a. Konnen anverite, si nanm lòm te mache nan chemen Bondye, san di petèt l ap tounen epi l ap reyini avèk glwa Byenneme li. Anverite Bondye Jistis la ! L ap rive nan yon estasyon pyès plim ni pyès lang pa kapab dekri. Nanm nan ki te rete fidèl ak Kòz Bondye a, ki te kanpe fèm nan Chemen Li, apre li monte, ap si tèlman genyen pouvwa, tout monn Toupuisan an te kreye kapab benefisye nan li. »<sup>23</sup>**

1. Konplete fraz sa yo :
  - a. Si yon nanm te mache nan chemen Bondye, san di petèt, \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_ .
  - b. L ap rive nan yon estasyon \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_ .
  - c. Nanm nan ki te rete \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_ Bondye a, ki te kanpe \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_, apre li \_\_\_\_\_, ap si tèlman genyen \_\_\_\_\_, tout monn \_\_\_\_\_ te \_\_\_\_\_ kapab \_\_\_\_\_ nan li..



## SEKSYON 18

Bahá'u'lláh di konsa :

« Beni nanm ki sanktifye avèk tout imajinasyon initil pèp lemonn yo lè moman separasyon li avèk kò a rive. Yon nanm konsa ap viv epi l ap deplase selon Volonte Kreyatè li, l ap antre nan Paradi ki pi wo a. Sèvant Paradi a, ki rete nan pi bèl chanm yo, ap vire fè wonn otou li, epi Pwofèt Bondye yo avèk moun Li chwazi yo ap chèche konpayi li. Nanm sa a ap nan konvèsasyon lib avèk yo, l ap rakonte yo tout sa li te genyen pou andire nan chemen Bondye, Seyè tout monn yo. »<sup>24</sup>

« Li dwe padonen pechè a, epi pa janm meprize kondisyon li, paske pèsonn pa konnen kijan l ap fini. Sa rive si souvan, yon pechè nan lè pou l mouri rive nan esans lafwa, epi etan l ap bwè nan dlo lavi imòtèl, li pran vòl li pou Asanble nan Syèl la ! Epi konbyen fwa, yon kwayan devwe, lè lè a rive pou nanm li monte, li vin si tèlman chanje, li tonbe nan pi gwo dife a ! »<sup>25</sup>

1. Nan ki eta nanm yon moun ta dwe ye lè li separe avèk kò a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Kisa ki kèk imajinasyon initil ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Nan ki kondisyon yon nanm ki te sanktifye de tout imajinasyon initil pral viv epi deplase apre lanmò ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Kiyès ki pral konpayon nanm sa a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
5. Eske nanm sa a pral kapab konvèsè avèk Pwofèt Bondye yo avèk moun Li chwazi yo ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
6. Eske nou konnen alavans kijan ak kilè lavi nou sou tè a ap fini ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
7. Kisa nou ka fè kounye a pou rive jwenn lavi etènèl ki destine pou nou a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## SEKSYON 19

‘Abdu’l-Bahá esplike nou :

« Kòm lespri lòm kontinye viv apre li fin separe avèk senp chapant sa a, tankou tout bagay ki egziste san di petèt li kapab fè pwogrè, kifè yon moun mèt lapriyè pou nanm yon moun ki mouri pou li avanse, pou li jwenn padon, oswa pou li resevwa favè diven, bonte, avèk gras. Se poutèt sa nan priyè Bahá’í yo, nou mande padon avèk labsolisyon pou peche moun ki monte nan lòt monn la. Epi tou, menm jan moun bezwen Bondye nan monn sa a, yo bezwen Li tou nan pwochen monn nan. Kreyati yo toujou nan bezwen epi Bondye toujou endepandan nèt de yo, kit se nan monn sa a, kit se nan monn k ap vini a. »<sup>26</sup>

Poukisa nou dwe lapriyè pou moun ki mouri ?

---

---

---

---

---

---

---

---

## SEKSYON 20

‘Abdu’l-Bahá di konsa :

« Lè nanm nan soti nan pil pousyè pasaje sa a epi li leve ale nan monn Bondye, lè sa a vwal yo ap tonbe, verite yo ap soti nan limyè, epi tout bagay yo pa te konnen anvan ap vin klè pou yo, l ap vin konprann verite kache yo.

« Konsidere jan yon moun, nan monn matris la, te soud nan zòrèy li e avèg nan je l, ak lang li te bèbè; jan li pa te gen okenn pèsepsyon menm. Men depi li pase soti nan monn fènwa a, li ale nan monn limyè a, lè sa a je li vin wè, zòrèy li tandè, lang li pale. Menm jan an, depi li prese soti nan kote mòtèl sa a ale nan Wayòm Bondye a, lè sa a li vin jwenn bonnanj li; je pèsepsyon li ouvri, zòrèy nanm li tandè, epi tout verite li pa te gen konesans anvan vin senp e klè pou li »<sup>27</sup>

1. Ranpli espas yo.
  - a. Lè nanm nan kite monn sa a,
    - vwal yo \_\_\_\_\_ ,

- verite yo \_\_\_\_\_ ,
  - epi tout bagay li pa te konnen \_\_\_\_\_ ,
  - e verite kache yo \_\_\_\_\_ .
- b. Nan monn \_\_\_\_\_ , nou te \_\_\_\_\_ nan zòrèy, \_\_\_\_\_ nan je nou, epi \_\_\_\_\_ lang nou.
- c. Lè nou te fèt nan monn sa a, je nou te \_\_\_\_\_ , zòrèy nou te \_\_\_\_\_ epi lang nou te \_\_\_\_\_ .
- d. Menm jan an, lè nou ale nan Wayòm Bondye a, n ap \_\_\_\_\_ .
- e. Lè sa a je \_\_\_\_\_ nou ap \_\_\_\_\_ , zòrèy \_\_\_\_\_ nou ap \_\_\_\_\_ . Epi tout \_\_\_\_\_ nou pa te gen konesans anvan ap vin \_\_\_\_\_ e \_\_\_\_\_ .

2. Deside si fraz sa yo kòrèk :

- \_\_\_\_\_ Lè nou nan monn matris la, nou konnen sa k ap pase nan monn sa a.
- \_\_\_\_\_ Kondisyon nou apre lanmò se yon verite ki kache pou nou nan vi sa a.
- \_\_\_\_\_ Nou pral gen nouvo orizon k ap ouvri devan nou apre lanmò.
- \_\_\_\_\_ Lè nou mouri, n ap tounen nan monn sa a, n ap fèt ankò.

## SEKSYON 21

Bahá'u'lláh deklare :

« Kounye a, konsènan kesyon ou si nanm yo kontinye konsyan prezans lòt nanm apre yo fin separe ak lòt a. Konnen nanm tout pèp Bahá, ki antre epi ki etabli nan Ak Vèmèy la, ap asosye epi y ap kominye etwatman youn ak lòt, e y ap si tèlman asosye nan vi yo, nan aspirasyon yo, bi yo avèk efò yo, y ap tankou yon grenn nanm. Anverite se yo menm ki byen enfòmè, ki wè klè, epi ki genyen konprann. Se konsa Li menm ki se Kònòsò a, ki gen tout sajès la deklare sa.

« Pèp Bahá, ki se abitan Ak Bondye a, yo tout, youn byen konnen eta avèk kondisyon lòt, yo ini avèk yon lyen entimite ak amitye. Eta sa a depann sepandan sou fwa yo avèk konduit yo. Sa ki gen menm grad avèk estasyon byen konnen kapasite lòt yo, karaktè yo, reyalyasyon yo avèk merit yo. Sa ki nan yon grad enferyè sepandan, ap enkapab konprann byen estasyon, ni yo pa ka estime merit sa ki nan ran sou tèt yo. Yo chak ap resevwa pòsyon pa yo nan men Seyè ou. Beni moun ki vire figi li bò Bondye, ki mache fidèl nan renmen Li, jis tan nanm li pran vòl ale jwenn Bondye, Otorite siprèm tout moun, Pi Pisan an, Li menm ki toujou padone, ki genyen tout Mizerikòd la. »<sup>28</sup>

1. Nan pwochen monn nan, èske n ap rekonèt moun nou te konnen nan monn sa a ? \_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
2. Ki kalite asosyasyon k ap genyen ant nanm yo nan pwochen monn nan ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
3. Sou kisa diferans avèk distenksyon ant nanm yo nan pwochen monn nan depann ?  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_
4. Eske gen moun ki p ap jwenn gras Bondye ? \_\_\_\_\_

## SEKSYON 22

Bahá'u'lláh egzòte nou :

**« O sèvitè Mwen yo ! Pa kite tristès domine nou si Bondye decide voye ban nou bagay ki kontrè ak sa nou ta renmen wè nan jou sa yo ak nan lavi terès sa a. Pa tris, paske an verite, Bondye sere pou nou jou ki plen ak lajwa; jou sa yo pral jou plezi selès. Bondye pral devwale devan je nou monn ki sen, ki plen glwa espiyityèl. Destine Bondye chwazi pou nou, nan monn sa a ni nan lòt monn la, se pou nou jwi benefis sa yo, pataje lajwa yo genyen, epi jwenn yon pòsyon nan gras yo. San di petèt, Bondye pral fè nou jwenn tout bonte sa yo. »<sup>29</sup>**

1. Decide kilès nan fraz sa yo ki kòrèk :
  - \_\_\_\_\_ Nou ta dwe tris, lè bagay yo kontrè ak jan nou ta renmen wè yo.
  - \_\_\_\_\_ Tout bagay, li mèt bon, li mèt pa bon, se Bondye ki voye li.
  - \_\_\_\_\_ Bahá'u'lláh di san di petèt, nou tout gen pou viv jou gran bonè.
  - \_\_\_\_\_ Nou asire nou pral wè monn sen avèk glwa espiyityèl.
  - \_\_\_\_\_ Desten nou se pou nou jwi benefis monn Bondye ki sen ak espiyityèl, ni nan lavi sa a, ni nan lavi aprè a.
2. Poukisa nou pa dwe kite chagren anvayi nou lè bagay nou pa te swete vin rive ? \_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. Kisa Bahá'u'lláh pwomèt nou nan pasaj sa a ? \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## SEKSYON 23

Nan kou sa a, ou te reflechi sou vrè siyifikasyon lavi imen. Ou te aprann anpil sou nati nanm nan, bi lavi a nan monn sa a, nesesite pou devlope kalite espirityèl yo, ak tout sou pwomès lavi etènèl la, ki plen jwa ak glwa. Nan dezyèm kou nan liv la, nou te pale sou 2 bi – youn se pouswiv pwòp kwasans espirityèl ak entelektyèl nou epi lòt se pou kontribye nan transfòmasyon sosyete a. Men yon opòtinite pou tounen sou konsèp sa a epi reflechi sou enpòtans pou asire nou travay sou tou 2 aspè bi sa a, selon konprann nou fèk jwenn sou kesyon pwogrè nanm nou. Refleksyon ou kapab benefisye si ou fè yon ti diskisyon sou tèm sa yo nan gwoup ou a.

1. *Devlope kalite espirityèl*
2. *Obeyi ak lwa Bahá'u'lláh yo*
3. *Kontribye pou byennèt ras lèzòm*
4. *Avanse nan chemen sèvis*

## REFERANS

1. Soti nan yon diskou 10 Novanm 1911, pibliye nan *Causeries d'Abdu'l-Bahá à Paris : Causeries d'Abdu'l-Bahá donnees à Paris en 1911* (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'ies, 1987), paj 77–78.
2. Soti nan yon lèt date 1 Avril 1946 ekri nan non Shoghi Effendi, pibliye nan *Lights of Guidance: A Bahá'í Reference File* (New Delhi: Bahá'í Publishing Trust, 1988, 2010 printing), no. 1820, p. 537.
3. Soti nan yon lèt date 28 July 2016 ekri nan non Mezon Inivèsèl Jistis la.
4. 'Abdu'l-Bahá, nan *Les leçons de Saint-Jean-d'Acre* (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'ies, 6<sup>e</sup> edition 2007), LXVI, paj 259.
5. Ibid., XXXVIII, paj 163, par. 4.
6. Soti nan yon diskou 'Abdu'l-Bahá 9 Novanm 1911, pibliye nan *Causeries d'Abdu'l-Bahá à Paris* (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'ies, 2<sup>e</sup> edition), paj 74.
7. Soti nan yon lèt date 31 Desanm 1937 ekri nan non Shoghi Effendi, pibliye nan *Lights of Guidance*, no. 680, p. 204.
8. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh* (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'ies, 2<sup>e</sup> edition), LXXXII, par. 8, paj 107.
9. 'Abdu'l-Bahá, nan *Les leçons de Saint-Jean-d'Acre* (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'ies, 6<sup>e</sup> edition 2007), LXI, paj 243.
10. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh* (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'ies, 2<sup>e</sup> edition), LXXX, par. 2, paj 102.
11. Ibid., LXXXI, par. 1, paj 103.
12. Ibid., CLXV, par. 1–3, paj 227.
13. Bahá'u'lláh, *Pawòl Kache yo, Les Paroles cachées* (Imprimerie Henri Deschamps), nan lang Arab no. 32, paj 19.
14. Soti nan yon diskou 6 Jiye 1912, pibliye nan *The Promulgation of Universal Peace: Talks Delivered by 'Abdu'l-Bahá during His Visit to the United States and Canada in 1912* (Wilmette: Bahá'í Publishing, 2012), pp. 315–16. (an angle).
15. *Extraits des Ecrits de Bahá'u'lláh* (Bruxelles : Maisons d'éditions bahá'ies, 2<sup>e</sup> edition), V, par. 4, paj 8.
16. Ibid., LXXXII, par. 1, paj 105.
17. Ibid., CLIII, par. 6, paj 215.

18. Ibid., XXVII, par. 2, paj 44–45.
19. Ibid., XXVII, par. 3, paj 45.
20. Ibid., XXI, par. 1, paj 34–35.
21. Ibid., LXXXI, par. 1, paj 104.
22. Ibid., CXXII, par. 1, paj 171.
23. Ibid., LXXXII, par. 7, paj 106–107.
24. Ibid., LXXXI, par. 1, paj 103.
25. Ibid., CXXV, par. 2, paj 175.
26. ‘Abdu’l-Bahá, nan *Les leçons de Saint-Jean-d’Acre* (Bruxelles : Maisons d’éditions bahá’ies, 6<sup>e</sup> edition 2007), LXII, paj 248.
27. *Selections des Ecrits d’‘Abdu’l-Bahá* (Wilmette: Bahá’í Publishing, 2010, 2015 printing), no. 149.
28. *Extraits des Ecrits de Bahá’u’lláh* (Bruxelles : Maisons d’éditions bahá’ies, 2<sup>e</sup> edition), LXXXVI, par. 1–2, paj 112.
29. Ibid., CLIII, par. 9, paj 216–217.